



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 1 - 4

Pibliye : 17 fevriye 2006

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a etabli nòm minimòm onivo otorite e responsablite asosyasyon paran yo *parent association* (PA), konsèy prezidan yo *president's council* (PC), dirijan ak manm yo, e reprezantan ofisyèl lekòl yo genyen pou diskite ak moun ki vin chanje opinyon avèk yo, pou bay sipò ak èd teknik, e pou fè aplike kèk desizyon.

- Nou korije erè ki te gen nan paj 4 vèsyon dokiman ki te pibliye 6 avril 2005 la.
- Nou ajoute nan definisyon mo “paran” an lòt kategori moun pou enkli paran ki aksepte plasman yon timoun lakay yo;
- Yo dwe mete anplas yon règleman entèn pou yon PA nan nouvo lekòl yo, epi yo dwe fè yon eleksyon nan asosyasyon an kat semèn apre premye reyinyon yo fè pou kovoque paran yo nan lekòl la.
- Lè yon PA sispann fonksyone poutèt li pa ka fè travay li oubyen poutèt li pa jwenn moun pou ranplase yon moun ki kite e ki te gen yon pozisyon enpòtan e obligatwa, l ap gen 14 jou pou l regle sitiyasyon an. Si PA a pa fè anyen kont sa a, l ap oblije sispann fonksyone;
- Deskripsyon sou pwosedi pou akselere eleksyon yo;
- Wòl Koòdonatè paran an defini pi byen nan kontèks PA yo;
- Pou PA ki nan yon *building* ki gen plis pase yon lekòl : Komite a dwe gen dwa pou l konsilte ak direktè lekòl yo ki nan *building* lan;
- Yo ajoute lòt pawòl pou detèmine grad apwopriye fonksyonè PA yo pou yo ka ranplase moun ki kite asosyasyon an;
- Direktè lekòl yo pral oblije antre an kontak ak Konsèy Prezidan *President* an *Council* (PC) Distri a oubyen avèk PC rejyon konsène a oswa toude pou ede l pandan l ap òganize eleksyon akselere a;
- PA yo ak PC yo pa ka kolekte lajan si yo pa gen pwòp nimewo didantite konsèy la *Employer Identification Number* (EIN);
- PA yo ak PC yo ki gen yon règleman entèn ki pa konfòme a Règleman Chanselye *Chancellor's Regulations* (CR) A-660 lan pa ka mennen aktivite pou kolekte lajan;
- Eleksyon PA yo dwe fèt ant katriyèm lendi mwad me ak dezyèm vandredi mwad Jen;
- Toutotan yo poko fin konte kantite vòt yo, e kominike rezilta yo ba asanble a, yo pa ka retire biltenvòt yo nan biwo vòt la;



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 2 - 4

Pibliye : 17 fevriye 2006

- Yo pral bay lekòl la adrès kay manm Konsèy egzekitif PA yo ak adrès kay manm Konsèy Egzekitif Asosyasyon paran-pwofesè yo *Parent-Teacher Association* (PTA);
- Yo pral bay *Superintendent* konsène a adrès kay manm Konsèy egzekitif PC yo;
- Koòdonatè paran yo pa dwe itilize responsablite li genyen nan yon PA pou l regle pwòp zafè pa l;
- Yo chanje tout paragraf kote yo ekri Konsèy Edikasyon Kominotè *Community Education Council* (CEC) pou ranplase yo avèk Konsèy Edikasyon Distri kominotè *Community District Education Council* (CDEC);
- Aktivite ki òganize pou timoun ranmase lajan pou PA yo, ka fèt sèlman de (2) fwa nan yon ane, lè se pa peryòd lekòl pou elèv yo;
- Definasyon pou mo « moun ki gen relasyon paran » pi presi;
- Lè paran ki se manm yon PTA vote pou retire pwofesè yo kòm manm nan Asosasyon an, lè sa a yo dwe amande règleman entèn yo defason pou fè konnen Asosasyon an tounen yon PA. Anplwaye lekòl yo ki ap sèvi antanke lyezon PA, pa fèt pou pran desizyon ki depase limit òganizasyon ak fonksyon PA a;
- Si yon PA ap mennen yon aktivite apre lekòl oswa nan *week-end* ki mande pou anplwaye moun, PA a dwe konfòme l a egzijans lalwa, sa vle di li dwe ranpli dokiman epi fè rapò benefis li fè nan Biwo kontribisyon *Internal Revenue*. Li rekòmande pou PA a bay lekòl la lajan pou pwogram (yo) ki fèt apre lekòl, epi direktè lekòl la dwe administre pwogram lan (yo). Oka PA a ta administre yon pwogram apre lekòl, li dwe pran yon pèmi nan men lekòl la, e li dwe achte yon asirans responsablite sivil apwopriye, epi li dwe itilize anplasman an konfòmman a tout lwa federal, tout lwa Leta Nouyòk, tout lwa vil Nouyòk ak tout règleman depatmantal yo. Metsousa, PA a pa ka anplwaye moun ki travay nan Depatman an pou administre pwogram (yo) oswa fè lòt travay nan administrasyon an. Sepandan PA a ka anplwaye moun ki travay nan Depatman an pou travay dirèkteman avèk timoun yo (pa egzanp : pou bay leson patikilye, pou antrene elèv yo pou yo fè espò);
- Disi 1ye me, fòk yo avize direktè lekòl la pou fè l konnen ki dat e ki lè eleksyon Prentan an pral fèt.
- Direktè lekòl la oswa moun li dezilyen an dwe sètifye eleksyon PA a. Direktè lekòl la pa ka nonmen koòdonatè paran an;
- Kounye a yo defini mo “sètifikasyon” an nan Règleman an;
- Kantite tan PA ak PTA yo ka itilize lokal lekòl la pase de sizèdtan a witèdtan pa mwa;



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osi jè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 3 - 4

Pibliye : 17 fevriye 2006

- Yo fè yon amannman nan dokiman an pou fè konnen ke PA a oswa PC a pa respekte Règleman sa a si l pa gen pèmasyon manm yo anvan l kòmanse aktivite pou kolekte lajan;
- PA a oswa PC a ka itilize privilèj ki egzante yo pou yo pa peye taks sèlman pou benefis PA a oswa PC a;
- PA yo ak PC yo dwe itilize yon kont chèk komèsyal;
- PA ak PC yo pa gen dwa ekri chèk onon *cash* oswa *petty cash*;
- Yo dwe ekri nan Règleman entèn PC yo wòl manm ki la kòm ranplasan nan konsèy la oka reprezantan ki eli a ta absan;
- Yo ka ranbouse manm PA ak manm PC yo sèlman si yo prezante resi pou depans yo fè pou PA a oswa pou PC a ak pwòp lajan pòch yo. Lè sa a, manm yo apwouve l, epi yo ekri chèk la onon manm PA a oswa manm PC a;
- PA a oswa PC a pa otorize sèvi ak papyè pou tire lajan labank ke lòt moun anjeneral itilize pou retire lajan labank;
- Tout lajan *cash* PA a oswa PC a resevwa, fèt pou depoze labank sou de (2) jou ouvrap apre yo resevwa l;
- Direktè lekòl yo dwe gen aksè a dosye finansye PA a, kèlkeswa moun ki pote plent pou PA a;
- Dapre Dokiman siplemantè G1 ak G2 CR A-660, *Superintendent* lokal pou ansèyman an *Local Instructional Superintendent* (LIS) dwe voye fotokopi Rapò sou *status* PA yo ba *Superintendent* rejyonal yo pou yo kontwole, e pou yo pran mezi ki nesèsè;
- Yo mete ansanm tout egzanp enfraksyon oswa detounman lajan PA ak PC yo nan yon seksyon Règleman sa a;
- PC yo pral ka chwazi kounye a yon lekòl anpatikilye oswa plizyè lekòl pou fè reyinyon yo, depi manm konsèy yo dakò pou sa. Yo dwe gen asire reyinyon yo fèt yon kote ki plase nan yon zòn santralize nan distri yo oswa nan rejyon yo pou aksè a ka fasil pou tout manm PA yo. Si manm PC yo pa ka dakò, alèkile yo dwe pèmèt chak lekòl nan distri a oswa nan rejyon an gen tou pa l pou òganize yon reyinyon;
- Moun k ap travay nan distri lekòl la oswa nan lekòl rejyonal la pa kapab sèvi kòm yon reprezantan lekòl li nan PC a;
- PC yo pa dwe fè okenn ankèt sou yon plent yon PA oswa yon PC fè e yo pa gen dwa pwopoze okenn desizyon;



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osi jè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 4 - 4

Pibliye : 17 fevriye 2006

- Yo ka soumèt plent PA oswa PC yo ansanm ak pwosedi pou akselere apèl lè gen pwoblèm onivo eleksyon yo, nan premye etap ba Konsèy edikasyon pou kominote distri a *Community District Education Council* (CDEC) a oswa ba *Superintendent* rejyonal la oswa moun li deziyen an.



Règleman Chanselye a

Kategori : **ELÈV YO**
Osijè : **ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO**

Nimewo : **A-660**
Paj : 1 - 2
Pibliye : 17 fevriye 2006

TABMATYÈ

<u>Sijè</u>	<u>Paj</u>
Prensip	1
Definisyon	1-2
I. ASOSYASYON PARAN	2-25
A. Konvokasyon Paran	2-4
B. Règleman entèn	4-8
C. Kondisyon pou moun ka manm Asosyasyon an – Kalifikasyon ak patisipasyon	8-10
D. Eleksyon administratè ak manm Konsèy egzekitif	11-15
E. Dwa ak Responsablite	15-17
F. Distribisyon bwochi	17-18
G. Itilizasyon lokal Lekòl	18-19
H. Kòlèk lajan Asosyasyon Paran yo fè	19-20
I. Afè lajan PA	20-21
J. Depans lajan	21-22
K. Konsèvasyon dosye kontablite	22-24
L. Kontwòl depans	24-25
II. KONSÈY PREZIDAN	25-36
A. Òganizasyon Konsèy Prezidan	25-30
1. Kondisyon pou moun ka manm Konsèy la	25-26
2. Règleman entèn	26-28
3. Règleman entèn – Aksè ak Itilizasyon	28-29
4. Non, adrès kay ak nimewo telefòn fonksyonè yo	29
5. Aryere pou moun peye	29
6. Konvokasyon Konsèy Prezidan yo	29-30
7. Reta nan Eleksyon	30
8. Plent	30
B. Dwa ak Responsablite Konsèy Prezidan	30-32
C. Kòlèk lajan	32-33
D. Konsèvasyon dosye kontablite	33-35
E. Kontwòl depans	35-36



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osiyè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 2 - 2

Pibliye : 17 fevriye 2006

Sijè

Paj :

III. LÒT DWA PA AK PC YO GENYEN	36-40
A. Pwosesis pou swiv pou fè bidjè	36-37
B. Lèt lapòs PA ak PC yo resevwa	37
C. Konvèsasyon ak Echanj opinyon	37-39
D. Sijè chwazi pou echanj opinyon	39-40
IV. RESPONSABLITE CHANSELYE A	40-45
A. Echanj opinyon	40
B. Plent	40-45
V. RANSÈYMAN	45



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660
Paj : 1 - 45
Pibliye : 17 fevriye 2006

ABSTRÈ

Règleman sa a ranplase CR A-660 ki date 21 janvyè 2004. Depatman Edikasyon an *Department of Education* (DOE) egzije chak lekòl ki nan sistèm lekòl leta nan vil Nouyòk gen yon PA. Chak distri lekòl kominotè ak chak rejyon pou lekòl segondè yo, tankou lekòl segondè altènatif yo ak lekòl segondè ki gen pwogram edikasyon espesyal pou vil la, dwe gen yon PC. Yo pral bay PA nan lekòl primè ak lekòl pre-segondè yo *middle schools* enfòmasyon, e yo ka mande *Superintendent* kominotè ki nan distri yo pou ede yo. Yo pral bay PA ki nan lekòl segondè yo ak manm Konsèy minisipal pou edikasyon espesyal la enfòmasyon, epi yo ka mande *Superintendent* rejyonal yo pou ede yo.

Règleman sa a etabli nòm ofisyèl pou administrasyon PA ak PC yo respekte ominimòm, epi li etabli responsablite PA, PC, administratè ak manm yo.

ENTWODIKSYON

PA ki nan lekòl leta yo dwe pran responsablite pou administre tèt yo. Paran yo, n ap enkli paran nan PC lekòl segondè rejyonal yo e PC lekòl segondè distri yo, dwe ede PA yo lè y ap òganize aktivite yo, dapre vèsyon Règleman sa a.

Responsabilite dirijan lekòl yo onivo sipèvizyon PA ak PC yo limite a sa ki nesèsè pou aplike e fè respekte lalwa, règ, ak Règleman sa a, e pou pwoteje dwa elèv yo, dwa paran yo ak anplwaye yo.

DEFINISYON

Nou aplike definisyon sila yo nan kad Règleman sa a e lòt règleman apwopriye :

- A. Yon **asosyasyon paran (PA)** se yon òganizasyon ki konpoze de paran elèv ki nan yon lekòl leta nan vil Nouyòk ke yo kreye e tabli dapre yon vòt paran ki apwouve yon règleman entèn, nonmen administratè, fè reyinyon regilyèman, e pèmèt e ankouraje manm li yo patisipe aktivman. Si paran ki se manm PA, vote pou amande règleman entèn yo defason pou pèmèt pwofesè yo patisipe ladann, lè sa a asosyasyon an vin tounen yon Asosyasyon Paran-Pwofesè *Parent-Teacher Association* (PTA).
- B. Yon **konsèy prezidan (PC)** se yon òganizasyon ki konpoze de prezidan oswa moun yo deziyen pou reprezante paran ki manm nan PA a, e ki nan yon jiridiksyon byen presi ki reprezante PA yo onivo distri a, rejyon an, oswa vil la.



Règleman Chanselye a

Kategori : **ELÈV YO**

Osi jè : **ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO**

Nimewo : **A-660**

Paj : 2 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

- C. Yon lekòl se yon òganizasyon elèv ki endepandan e otonòm ke yon direktè ki itilize pwòp anplwaye l ak pwòp bidjè l administre pou ofri yon pwogram ansèyman konplè. Nan Règleman sa a, chak fwa nou itilize tèm “distri” oswa “rejyon”, n ap pale de 32istri lekòl kominotè yo, n ap pale de dis rejyon yo, n ap pale de Pwogram Lekòl segondè altènatif yo, ak Pwogram Edikasyon espesyal pou vil la.
- D. Lè n itilize ekspresyon règleman entèn la, n ap pale de dokiman ki pèmèt tabli PA a e ki bay PA a otorite pou l aji. Règleman entèn yo defini karakteristik debaz PA a, li endike jan PA a fonksyone, lèfini li enkli règleman moun dwe respekte, e ke ni PA, ni administratè yo, e ni manm yo pa ka revoke. Gen kèk PA ki, atout yo genyen règleman entèn yo, adopte yon konstitisyon. Nan kontèks Règleman sa a, ekspresyon “règleman entèn” lan endike yon dokiman oswa plizyè ki defini fonksyon PA yo, kit nan règleman entèn yo kit nan konstitisyon an. Nou pito gen yon sèl dokiman ki rele “règleman entèn”.
- E. Yon paran se yon paran [ki akouche yon timoun oswa ki adopte l, yon bèlmè (madanm papa timoun lan) - bòpè (mari manman timoun lan), oswa yon paran ki aksepte plasman yon timoun lakay li], yon gadyen legal yon timoun, oswa yon moun ki se fanmi yon timoun oswa plizyè timoun k ap swiv kou nan yon lekòl, menm yon timoun ki nan lekòl prive minisipal a plen tan pandan li sou rejis Pwogram minisipal yo *Citywide Pwograms* (Yo rele yo Distri 75). Nou defini kategori moun ki gen lyen paran nan paj 8 ak 9 Règleman sa a.

I. **ASOSYASYON PARAN**

Chak lekòl leta nan vil la dwe kreye yon PA premye ane li kòmanse fonksyone. Chak lekòl dwe genyen yon sèl PA ke yo rekonèt ofisyèlman. Akademi yo gen responsablite kreye yon PA ki afilye avèk PA lekòl yo. Gade nan Memorandòm Nimewo 2 Chanselye a *Chancellor's Memorandum*, ki date 12 jen 1998. Memorandòm pou akò a *Memorandum of Understanding* dwe dekri rapò ki genyen ant lekòl la ak akdemi a.

PA a sipoze reprezante tout paran ki nan lekòl la, menm paran timoun ki nan edikasyon espesyal, paran timoun k ap aprann lang angle yo *English Language Learners* (ELL), paran timoun ki nan pwogram ki tabli dapre Tit I yo, paran elèv ki douwe, ak paran elèv ki nan pwogram espesyalize yo.

A. Konvokasyon paran yo

Pou yo tabli yon PA nan yon lekòl, yo dwe konvoke paran yo defason pou yo planifye konpozisyon ak règleman entèn PA a. Yo fè reyinyon sa a pou fòme oswa aktive yon PA, pou paran yo chwazi lòt paran ki pou rasanble pou mete soupye règleman entèn yo, epi pou fè eleksyon rapid jan nou dekri l pi ba a.

1. Pou nouvo lekòl yo, *Superintendent* kominotè oswa rejyonal apwopriye a, oswa moun li deziyen yo, dwe voye yon lèt ba paran yo oswa nan sak elèv yo oswa pa lapòs, pou envite yo vin nan yon reyinyon dèke yo fin idantifye popilasyon lekòl la



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 3 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

anvan ouvèti lekòl, lè l posib. Reyinyon an dwe fèt nan premye sis semèn ouvèti lekòl la, e pa pita, epi yo dwe apwouve règleman entèn yo e fè eleksyon yo pandan kat premye semèn apre premye reyinyon an.

Superintendent kominotè a oswa rejyonal la dwe kontakte PC konsène a, pou mande l ede l nan reyinyon an. *Superintendent* kominotè a oswa rejyonal la ka deziyen yon moun pou ede nan reyinyon an. Sèl wòl *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la genyen, se kòmanse reyinyon an.

2. Se direktè lekòl la ki gen responsablite envite paran yo vin nan yon reyinyon si pa gen yon PA ki te deja fòme nan lekòl la oswa si PA a vin sispann fonksyone.

Si yo pa fòme yon PA, direktè lekòl la dwe voye yon lèt pou avize paran ki gen pitit yo nan lekòl la, san pèdi tan, epi li dwe fikse yon dat pou reyinyon an fèt sou 14 jou apre sa.

Yon PA sispann fonksyone poutèt li pa ka ranpli obligasyon l yo oswa li pa kapab regle zafè l yo jan Règleman sa a oswa pwòp règleman entèn li yo mande l, pa egzantp, lè yon PA pa reyisi eli fonksyonè prensipal li oblije genyen yo tankou Prezidan, Sekretè pou ekri rapò, oswa Trezorye dis 30 jen ane eskolè a. Si PA a ta vin sispann fonksyone poutèt li pa reyisi regle zafè PA a, direktè lekòl la dwe voye yon lèt touswit ba administratè PA yo pou fè yo konnen obligasyon yo yo genyen pou pran mezi nesèsè, e pou fè yo konnen yo gen 14 jou pou fè sa. Direktè lekòl la dwe mande èd PC yo ak Biwo rejyonal èd pou paran yo. Si apre yo bay PA a avi 14 jou a, li pa rive regle zafè l yo, direktè lekòl la dwe fè l konnen li pa p ka fonksyone ankò, e deside envite PA a nan yon lòt reyinyon. (Al gade nan paj 14 nan Pwosedi pou akselere eleksyon)

Si PA a sispann fonksyone poutèt li pa rive eli administratè prensipal li oblije genyen yo dis 30 jen, direktè lekòl la gen responsablite fè PA a rekòmanse fonksyone dis 15 oktòb nan pwochen ane eskolè a. Direktè lekòl la gen wòl sèlman fè demach pou òganize reyinyon an, e pou fè sa li dwe voye yon lèt pou avize paran yo (omwen 10 jou sivil alavans), epi mande Biwo *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la ak PC distri la oswa PC rejyonal la pou yo ede l òganize reyinyon an. (Al gade nan Seksyon I.D.4.d)

- a. Si gen youn oswa plis nan pòs administratè prensipal ke PA a oblije genyen ki toujou vid apre eleksyon anyèl la, PA a dwe mete yon moun nan pòs la nan dis jou ouvèti. Yo dwe fè sa a dapre yon pwosesis siksesyon oswa yon pwosesis eleksyon rapid, ki li menm dwe fèt nan yon reyinyon kote yo pral chwazi kandida yo pami manm ki la yo epi yon fwa yo fin chwazi kandida yo, y ap tou fè eleksyon an. Si PA a pa rive òganize yon eleksyon rapid, l ap sispann fonksyone.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osiyè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 4 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

3. PA ki nan *building* kote gen plis pase yon lekòl

Lè nan yon *building*, gen plis pase yon lekòl, chak lekòl dwe fòme PA pa l jan nou presize l nan paj 2. PA sa yo dwe fòme yon komite ankomen pou regle zafè ki konsène yo tout, tankou zafè ki gen pou wè avèk sekirite, e avèk lokal yo itilize ankomen an.

Komite a dwe gen chanje opinyon avèk direktè lekòl ki nan menm *building* lan osijè pwoblèm onivo *building* lan, tankou, men ka gen lòt, pwoblèm ki ka konsène sante ak byennèt timoun yo.

Lè gen plis pase yon lekòl nan yon *building*, PA tout lekòl ki nan *building* lan dwe òganize omwen yon reyinyon ansanm chak ane.

B. Règleman entèn yo

Chak PA dwe adopte yon seri règleman entèn dapre vòt tout gwoup paran timoun nan lekòl la (ak anplwye yo, lè l posib). Tout règleman yo dwe adapte a ekzijans Règleman sa a. Yo dwe amande règleman entèn yo ki an kontradiksyon ak ekzijans sa yo. Lè pa gen règleman entèn ki konfòme a ekzijans Règleman sa a, yon PA pa ka mennen okenn aktivite, tankou eleksyon oswa kòlèk lajan.

1. O minimòm, règleman entèn yo dwe etabli :

a. **Orè reyinyon PA a òganize regilyèman yo** – Règleman entèn yo dwe endike ak presizyon kilè y ap fè reyinyon yo, kijan pou envite manm yo vin nan yon reyinyon, epi kisa ki reprezante yon kwowòm.

Yo dwe planifye yon reyinyon jeneral omwen avèk manm yo, epi yo dwe fè reyinyon sa a 60 jou apre kòmansman ane eskolè a. PA a gen obligasyon voye yon lèt pou avize manm yo omwen dis jou alavans, lè l ap òganize reyinyon regilye pou manm yo. Règleman entèn yo dwe enkli dispozisyon pou òganize reyinyon espesyal pou yo ka diskite sityasyon ijans oswa yo pa te prewa alavans, e ki mande pou yo pran yon desizyon touswit.

b. **Kote y ap òganize reyinyon yo** – Tout reyinyon dwe fèt nan lekòl kote PA a fòme, sòfsi ta gen yon sikonstans ki ta vin prezante. Kèlkeswa sityasyon an, reyinyon PA yo pa gen dwa fèt nan yon kay rezidans prive.

c. **Reyinyon yo** – PA a dwe pèmèt tout manm li yo patisipe nan tout reyinyon l ap òganize yo, tankou reyinyon konsèy administrasyon ak reyinyon soukomite yo. Yo dwe enkli nan règleman entèn yo règ onivo dwa moun ki pran lapawòl avèk dwa moun ki vin gade sa k ap pase nan reyinyon an e ki pa manm Asosyasyon an. Koòdonatè paran ki pa gen timoun nan lekòl kote y ap travay la, ka sèlman reprezante yon moun ki vin obsève sa k ap pase nan reyinyon PA yo sòfsi PA a envite l vin patisipe nan reyinyon an.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 5 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

- d. **Otorite palmantè** – PA a dwe adopte règ pwosedi pou itilize kòm yon referans siplemantè. Lè yo pa adopte yon règ pwosedi, y ap aplike otomatikman Pwosedi *Robert's Rules of Order Newly Revised* la.
- e. **Pwosèvèbal** – PA a dwe fè pwosèvèbal tout reyinyon li fè yo, epi li dwe gen kopi pwosèvèbal yo pare pou tout manm PA yo lè yo mande.
- f. **Paran kòm manm PA** – Paran yo [moun ki akouche oswa ki adopte timoun, bèlmè (madanm papa timoun) - bòpè (mari manman timoun) oswa paran ki aksepte plasman yon timoun lakay li], gadyen legal timoun, yon moun ki gen lyen paran ak timoun lan, menm moun ki gen yon timoun k ap swiv kou a plen tan nan yon lekòl prive minisipal men ki nan rejis pwogram y ap fèt pou tout vil la, tout moun sa yo otomatikman manm PA nan lekòl kote pitit yo ale.
- g. **Anplwaye kòm manm PA** – Règleman entèn PA yo dwe endike ak presizyon kondisyon pou l deside si pwofesè yo ak lòt dirijan lekòl la ka vin manm, e pou amande desizyon sa a nan règleman an dapre vòt paran yo. (Al gade Seksyon I.C.4.)
- h. **Dwa pou vote** – Paran yo oswa dirijan lekòl yo oubyen toude antanke manm, gen dwa vote dapre limit ki tabli nan Règleman sa a. Chak règleman entèn PA oswa PTA dwe endike ak presizyon chak paran oswa dirijan lekòl la oswa toude ki manm PA oswa PTA dwe gen yon vòt. Yo dwe enkli nan règleman entèn lan restriksyon pou sèten moun pa vote poutèt konfli enterè. (Al gade nan Seksyon I.C.5. pou konnen kondisyon pou gen yon konfli enterè.) Li entèdi yon moun bay yon lòt manda pou vote pou li e li entèdi pou yon moun vote alòke l absan.
- i. **Eleksyon anyèl administratè yo** – Yo dwe eli administratè yo nan prentan. Eleksyon PA a dwe fèt ant katriyèm lendi mwad Me ak dezyèm vandredi mwad Jen chak ane eskolè. Règleman entèn yo dwe endike ak presizyon kijan pwosedi eleksyon ak nominasyon an dwe fèt. Kèlkeswa orè règleman entèn lan prevwa pou asosyasyon an konplete pwosedi eleksyon ak nominasyon yo, Asosyasyon an dwe konfòme l a orè ki endike pi wo a. Règleman entèn yo dwe gen ladan l yon dispozisyon pou ranplase yon moun nan yon pòs ki vid pa siksesyon (pa egzanp, si pozisyon Prezidan an vid, se Vis-Prezidan an ki pral ranplase l, oswa administratè ki vini apre Vis-Prezidan an, tanpri al li Seksyon j - Pòs). Nan ka yo pa ranplase moun ki nan pòs obligatwa yo pa siksesyon, yo dwe òganize yon eleksyon espesyal rapid pou ranpli pòs sa yo. Se Komite nominasyon PA a oswa moun PA a chwazi yo, ki dwe òganize eleksyon yo.
- j. **Pòs** – PA a gen omwen obligasyon eli yon Prezidan, yon Sekretè (pòs sekretè ki ekri rapò reyinyon yo se yon pòs sekretè ki obligatwa), ak yon



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osjè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 6 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

Trezorye. Pou yo ka ranpli pòs ki vid yo pa siksesyon, yo dwe ranje diferan pòs fonksyonè yo nan lòd sila a (Prezidan oswa Prezidan adjwen; Vis-prezidan oswa Vis-prezidan adjwen; Sekretè ki ekri rapò yo oswa Trezorye). Fonksyonè ki nan pòs obligatwa yo nan chak lekòl ki nan yon distri lekòl kominotè, dwe chwazi paran manm yo ki nan CDEC a, jan I dekri nan Règleman Chanselye D-140 la; nan Konsèy Edikasyon espesyal vil la, jan I dekri nan Règleman Chanselye D-150 la; e nan Konsèy Lekòl Segondè vil la, jan I dekri nan Règleman Chanselye D-160 lan. Metsousa, PA yo ka kreye lòt biwo oswa lòt pòs manm nan Konsèy administrasyon an pou ranpli obligasyon Asosyasyon an. Yo dwe mete nan règleman entèn lan tit chak administratè, avèk yon deskripsyon obligasyon ak responsablite li genyen. Yo pa dwe mande paran yo okenn kalifikasyon pou okipe kèlkeswa pozisyon nan administrasyon PA a, depi yon moun se paran yon timoun nan lekòl la, li kalifye. Yo pa dwe deside mete apa pòs administrasyon obligatwa yo pou bay paran timoun ki fèk vini nan lekòl la.

- k. **Manda ak limit manda yo** – Manda pou pòs sa yo se 1ye jiyè jiska 30 jen pwochen ane a. Si gen limit nan dire manda yo, yo dwe make yo nan règleman entèn yo. Pòs prezidan an oswa prezidan adjwen an se menm pòs yo ye, e yo dwe aplike menm limit manda kit yon moun aji antanke prezidan oswa prezidan adjwen oubyen yon konbinezon toude pòs yo, pou tan yo prevwa nan limit manda a.
- l. **Komite nominasyon** – Yon PA ka fòme yon komite nominasyon pou òganize eleksyon. Okenn manm komite nominasyon an ka okipe yon pòs nan konsèy egzekitif la. Se gwoup manm yo ki chwazi majorite moun ki pou nan komite nominasyon an. Moun k ap travay nan lekòl la pa ka okipe yon pòs nan komite nominasyon an. Kòm yon lòt posiblite, règleman entèn PA yo dwe presize tout etap konsèy egzekitif PA a dwe swiv pou l ka gen yon eleksyon valab lè li pa oswa li pa ka fòme yon komite nominasyon.
- m. **Nominasyon** – Tout manm yo dwe gen opòtinite chwazi kandida pami manm ki nan reyinyon an anvan dat limit pou aksepte kandida yo. Dispozisyon sa a dwe make nan chak règleman entèn PA yo.
- n. **Konsèy egzekitif ak Komite PA yo** – Règleman entèn yo dwe presize manm ki konpoze konsèy egzekitif la, e responsablite yo genyen. Epi tou yo dwe dekri pwosedi pou swiv pou chwazi e pou nonmen komite entèn PA yo.
- o. **Kalifikasyon pou administratè yo** – Yo pa dwe mande okenn kalifikasyon pou okenn pòs nan yon PA. Yo pa dwe anpeche plizyè manm ki soti nan menm fanmi okipe pòs administratè. (Al gade nan Seksyon I.K.3. pou w li kèk limit ki gen pou wè avèk taks pou peye.) Yon manm CDEC pa kalifye pou yon pòs administratè nan kèlkeswa PA. Yo ka eli paran yon timoun ki



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osjè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 7 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

sou rejis yon pwogram minisipal e ki nan yon pwogram lekòl prive a plen tan, nan yon pòs administratè nan PA Pwogram minisipal yo, oswa nan PA lekòl dakèy kote pitit li a ap swiv kou yo.

- p. **Anplwaye ki pa kalifye yo** – Moun k ap travay nan lekòl la, tankou koòdonatè paran yo, pa ka ni administratè nan komite nominasyon yo, ni manm konsèy egzekitif PA lekòl la, ni paran manm nan yon komite dirijan lekòl. (Al gade Seksyon I.C.5.b a)
 - q. **Revokasyon administratè yo oswa manm konsèy ekzekitif yo** – Yo dwe mete nan règleman entèn yo rezon avèk pwosedi pou swiv pou revoke administratè yo oswa manm konsèy ekzekitif yo.
 - r. **Bidjè** – Yo dwe detèmine pwosesis bidjetè PA a e fòmalye sila yo nan règleman entèn yo : (Al gade Seksyon I.I.1. – Bidjè PA a.)
 - i. yon delè pou apwouve l;
 - ii. yon otorizasyon pou fè depans ann ijans;
 - iii. yon pwosesis pou konte, sere, e depoze tout lajan yo resevwa;
 - iv si sa posib, depans minimòm pou manm konsèy ekzekitif la. (Al gade nan Seksyon I.J.1. pou w sa wè kondisyon onivo bidjè yo.)
 - s. **Kontwòl lajan** – Si yon PA mande pou yo fè yon kontwòl lajan chak ane, yo dwe dekri nan règleman entèn fòmasyon ak responsabilite komite pou kontwòl lajan an.
 - t. **Revizyon regilye règleman entèn yo** – Manm yo dwe revwa règleman entèn PA yo omwen yon fwa chak twazan.
 - u. **Amanman règleman yo** – Règleman entèn yo dwe enkli yon pwosedi pou amanman.
2. PA dwe bay direktè lekòl la yon kopi règleman entèn li yo ak amanman l yo, e kopi règleman yo dwe disponib nan biwo direktè a. Nan chak reyinyon PA ap òganize, PA a dwe bay manm yo yon kopi règleman entèn yo e yon kopi amanman yo, depi yo mande l alavans. Règleman entèn yo dwe disponib nan lang paran yo pale a, si se posib.
 3. Direktè lekòl la responsab pou l kenbe règleman entèn ak amanman PA yo nan dosye lekòl la, epi pou l voye yon kopi ba *Superintendent* rejyonal la oswa *Superintendent* kominote ki konsène a.
 4. Yo ka pwoteste yon mezi ki pa respekte règleman entèn yo, oswa ke yo pran lè pa gen yon règleman entèn, dapre pwosedi pou fè reklamasyon ki presize nan Seksyon IV.B. a, epi yo ka anile l oswa deklare li pa valab lè yo fin ekzamine l.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 8 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

C. Manm - Kalifikasyon ak Patisipasyon

Tout paran yo, otomatikman, se manm PA lekòl la (yo) kote pitit yo pral lekòl. PA a dwe degaje l pou l fè tout paran patisipe aktivman nan lekòl la, menm paran elèv ki nan Edikasyon espesyal yo (menm paran timoun ki nan yon lekòl prive a plen tan pandan li toujou sou rejis pwogram minisipal yo), paran elèv kap aprann lang angle *English Language Learner* (ELL) yo, paran timoun yo vize nan nan Seksyon Lwa Tit I an, paran timoun ki douwe, ak paran timoun ki nan pwogram espesyalize yo. Epitou nou atann nou tou epi nou mande asosyasyon paran yo pou yo konfòme yo a tout lwa, tout règ, tout règleman ki genyen yo defason pou yo respekte dwa tout elèv, paran ak anplwaye yo.

1. Men kategori moun ki se manm PA :

- a. paran yo, (moun ki akouche oswa ki adopte timoun lan);
- b. bèlmè (madanm papa timoun lan)/bòpè (mari manman timoun lan);
- c. moun yo lalwa deside ki pou gade timoun lan, moun ki aksepte plasman yon timoun lakay li, oswa;
- d. moun ki gen yon « lyen paran » ak timoun lan (yo) ki nan lekòl la kounye a.

PA yo pa ka rejte pyès moun ki nan kategori sa yo dapre kondisyon ki etabli klèman nan Règleman sa a. (Al gade Seksyon I.C.5.)

Pa gen lòt moun ki kalifye pou vin manm asosyasyon an, apa kèk anplwaye ki dekri nan Seksyon I.C.5. lan. Pa dwe gen kategori pou manm yo chwazi kòm manm onè, pou elèv ki manm, pou ansyen manm yo, oswa pou ansyen administratè ki nòmman pa kalifye antanke manm.

2. Jan pou detèmine yon moun ki gen lyen paran

Yon moun ki gen lyen paran, se yon moun ki pran responsablite okipe yon timoun poutèt paran timoun lan oswa moun ki pou gade timoun lan pa disponib, kit se poutèt, antwòt, li mouri, li nan prizon, li gen maladi mantal, li abandone timoun lan, oswa li abite nan yon lòt eta. Se sèl pa gen okenn lòt moun kalifye kòm paran oswa kòm gadyen legal ki aplike, yon moun ka kalifye antanke moun ki gen lyen paran. Yo dwe baze tout sa yo detèmine onivo moun ki reprezante yon moun ki gen "lyen paran" dapre chak sikonstans pwosedi legal yo swiv pou detèmine gadyen ak responsablite moun k ap okipe timoun lan anpatikilye. Yo dwe pèmèt Konsèy egzekitif PA a ak direktè lekòl la chanje opinyon pou pran desizyon sa a. Yon moun k ap okipe timoun lan (yo) tanporèman (tankou yon *babysitter*), pa kalifye antanke moun ki gen lyen paran dapre règleman sa a. Lèfini, paran timoun lan oswa moun lalwa otorize pou gade l, pa ka deziyen yon moun kèlkonk (pa lentèmedyè yon lèt notarye) antanke moun ki kalifye pou l vin manm PA a dapre kategori Moun ki gen lyen paran. Lè yo pa aplike Seksyon sa



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 9 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

a pou yo pa rejte yon moun kòm manm PA a, yo ka fè yon plent dapre Seksyon IV.B. Règleman sa a.

3. Kotizasyon pou peye

Yo pa ka konsidere kotizasyon pou peye kòm kondisyon pou vin manm. Yo pa dwe ni anpeche, ni limite patisipasyon yon manm poutèt li pa peye kotizasyon l.

Yo pa dwe ni anpeche yon manm vote, ni anpeche l ofri tèt li kòm kandida pou yon pòs poutèt li pa peye frè kotizasyon.

PA yo ka mande pou w peye yon kotizasyon dapre lwa ki tabli nan Seksyon sa a. Si yo mande manm PA ak moun ki pou vin manm PA yo alavni pou yo peye yon kotizasyon, yo dwe fè yo konnen dwa yo dapre Seksyon sa a.

4. Patisipasyon anplwaye yo

Se paran ki nan PA a ki pou decide si òganizasyon an pral yon PA oswa yon PTA. Sèl paran yo ka vote pou decide si y ap pran anplwaye kòm manm, oswa si y ap pèmèt anplwaye kontinye rete manm, oswa si y ap kite paran sèlman kòm manm PA a. Lè yon vòt fin fèt, kit desizyon an se pèmèt anplwaye yo vin manm, kit se pou pa pèmèt yo, yo dwe amande règleman entèn PA yo defason pou yo mete ladan l desizyon sa a.

a. Si paran yo decide gen yon PTA, yo dwe pèmèt tout pwofesè lekòl la patisipe kòm manm nan aktivite asosyasyon an.

Si paran yo decide enkli lòt kategori anplwaye kòm manm, yo dwe mete tout anplwaye ki nan kategori yo chwazi a (tankou parapwofesyonèl, anplwaye ki ap ede pwofesè, sekretè lekòl, gadyen lekòl la, moun k ap travay nan kantin yo).

Kèlkeswa anplwaye ki se yon manm asosyasyon an, li kalifye pou l vote, amwenske li pa kapab poutèt gen konfli enterè (dapre jan l dekri nan Seksyon I.C.5. lan)

Direktè lekòl, asistan direktè lekòl, ak sipèvizè pa ka manm yon PA.

b. Moun k ap travay nan lekòl la, tankou koòdonatè paran yo, pa ka manm komite nominasyon an, ni antanke administratè, ni antanke manm nan konsèy administrasyon PA a. Anplwaye DOE yo kalifye pou patisipe antanke manm nan komite dirijan yon lekòl kòm paran, sèlman se nan lekòl kote y ap travay la. Yo aplike restriksyon sa yo menm jan pou anplwaye ki se manm antanke paran, e ki peye ak lajan finansman DOE, tankou taks yo tire sou anplwaye, lajan yo ranbouse moun, kontra òganizasyon kominotè, kado, sibvansyon, elatriye.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 10 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

Sepandan, lè travay yon moun transfere l nan yon lekòl kote pitit li ye, epi se pa lajan DOE ki finanse pwogram travay moun lan (al gade pi wo a), e pwogram la pa fè pati pwogram lekòl regilye ki fèt pandan lajounen an, moun lan kalifye pou l vin yon administratè PA nan lekòl sa a. Antanke lyezon, anplwaye lekòl yo pa kapab vyole òganizasyon oswa fonksyon konsèy administrasyon PA a. Direktè lekòl la ka byen mande Koòdonatè paran yo pou yo sèvi kòm lyezon PA a pou l sa fè plis paran patise nan aktivite PA yo.

5. Konfli enterè

Manm ak administratè PA yo dwe evite aji lè enterè pèsonèl yo ankonfli ak enterè antanke manm oswa administratè PA.

Yon manm oswa yon administratè PA ki gen yon enterè detèmine oswa endirèk nan yon antrepriz k ap fè yon zafè swa ak lekòl la, swa ak distri lekòl kominotè a, swa ak CDEC a, swa ak konsèy minisipal pou edikasyon espesyal la, swa ak konsèy minisipal pou lekòl segondè yo, swa ak DOE, tankou yon kontra oswa yon randevou pèsonèl, dwe evite bay konsèy li lè y ap pran desizyon ki gen pou wè ak zafè a.

Yo dwe mete tout manm yo okouran enterè sa a, kit li dirèk, kit li endirèk, epi yo dwe ekri l nan pwosèyèbal reyinyon an kote yo te revele manm yo enterè sa.

Yon anplwaye CDEC (oswa tout lòt anplwaye oswa administratè lekòl la) ki se yon manm PA a tou, e ki sou bò pa l gen chans pou l tandè menm kesyon an ann apèl, pa dwe vote oswa bay okenn konsèy sou desizyon yo pral diskite nan komite apèl la. Tout manm Konsèy la ki te bay konsèy sou desizyon n ap site pi ba a, pa ka patisipe nan etap apèl nou pale pi wo a.

Se sèl manm PA sa yo ki pa gen okenn konfli enterè fèt pou pran desizyon yo. Nan ka gen youn oswa plizyè manm ki gen konfli enterè, li oswa yo pa dwe ni vote, ni bay konsèy sou desizyon y ap pran yo.

Manm PA yo k ap travay nan lekòl la pa dwe vote oswa patisipe nan :

- koze oswa inisyativ ki gen pou wè ak anplwaye yo, tankou rekòmandasyon pou yon pòs pèmanan e komite pou seleksyon k ap nonmen sipèvizè ak administratè yo;
- Chwa oswa sèvis kòm reprezantan paran nan komite yo oswa komite dirijan lekòl la.

D. Eleksyon administratè ak manm Konsèy administrasyon

Eleksyon anyèl dwe fèt chak ane nan sezon prentan, pou pèmèt gen yon PA anplas pandan ete e lè lekòl louvri ann otòn.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 11 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

1. Komite nominasyon an

Yon PA ka fòme yon komite nominasyon pou òganize eleksyon. Règleman entèn yo dwe enkli òganizasyon ak wòl komite nominasyon an. Yon lòt ka, règleman entèn PA yo ka presize tout etap konsèy administrasyon PA a dwe swiv defason pou l gen yon eleksyon ki valab lè l pa ka fòme yon komite nominasyon.

Lè yon komite nominasyon fin fòme, yo dwe chwazi yon majorite pou manm komite nominasyon an. Komite nominasyon an chwazi pwòp prezidan l. Anplwaye yo pa ka patisipe nan komite nominasyon an.

Komite nominasyon an gen responsablite òganize pwosedi eleksyon an, pou l fè sondaj pami manm asosyasyon an pou konnen tout kandida ki kalifye yo, pou l detèmine kalifikasyon kandida yo, pou l voye avi, pou l dirije komite nominasyon yo, epi pou l fè eleksyon yo. Komite nominasyon an dwe reklame lèt rekòmandasyon pou l sa konsidere kandida yo. Koòdonatè paran yo pa ka envestige ni kandida yo, ni kalifikasyon votè yo. Yo dwe distribiye ba tout manm nan asosyasyon an lèt pou mande rekòmandasyon yo.

Komite nominasyon an dwe mennen yon envestigasyon pou l chèche konnen si yon kandida kalifye dapre enskripsyon elèv oswa si yon elèv sou rejis Distri 75 lan, si elèv la nan lekòl la a plen tan, answit komite a dwe fè rapò lis sou kalifikasyon an ba manm PA yo. Dapre règleman entèn yo, tout manm yo, e paran e anplwaye, kèlkeswa sa ki aplikab, dwe gen opòtinite chwazi kandida pami manm yo anvan dat limit pou aksepte kandida yo.

Komite nominasyon an dwe voye yon lèt ba tout manm PA yo pou fè yo konnen dat ak lè eleksyon an pral fèt, e non tout kandida k ap prezante nan eleksyon an. Chak ane lekòl, disi 1ye me, yo dwe fè direktè lekòl la konnen dat ak lè eleksyon yo pral fèt.

2. Biltenvòt yo

Biltenvòt yo obligatwa paske pou konteste eleksyon dwe gen plis pase yon kandida ki chwazi pou chak pòs, oswa pou plizyè pòs. Yo dwe ekri non kandida pou tout pòs yo sou biltenvòt yo pa òd alfabetik siyati yo. Biltenvòt yo dwe fè konnen si kandida yo poze kandidati yo pou pòs prezidan oswa prezidan adjwen, epi yo dwe site prezidan adjwen yo sou yon menm lis, epi yo dwe vote yo antanke yon ekip. Depi l posib, yo dwe mete enfòmasyon sou biltenvòt yo nan lang paran yo pale, kòm sa dwa.

Yo dwe konte biltenvòt yo touswit apre fen vòt la, an prezans gwoup manm PA yo e moun k ap obsève yo, si genyen. Toutotan yo poko fin konte vòt yo, e toutotan yo poko kominike rezilta ofisyèl yo bay asanble a, yo pa ka retire biltenvòt yo nan biwo vòt la.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 12 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

PA a dwe konsève biltenvòt yo nan lekòl la pandan sis mwa apre dat eleksyon an, oswa apre yo detèmine tout plent yo fè osijè eleksyon an, kèlkeswa sa ki fèt an dènye a.

Se prezidan komite nominasyon an oswa yon administratè ki dwe konsève biltenvòt yo.

Nan peryòd dis jou ouvrab apre eleksyon an, yo dwe rapòte rezilta eleksyon yo ba Sipèvizè Biwo èd pou paran *Office of Parent Support* ki nan biwo rejyonal la.

Si gen yon sèl kandida pou chak pòs, epi sa pa enkli nan règleman entèn asosyasyon an, dapre vòt manm yo epi sou demann yo, yo dwe mande Sekretè k ap ekri rapò reyinyon yo pou l mete yon sèl vòt pou tout asanble a, epi pou l enskri aksyon sa a nan rapò ofisyèl la.

Se responsablite direktè lekòl la oswa moun li deziyen an, pou sètifye eleksyon yo. Pou sètifye eleksyon yo, li obligatwa pou direktè lekòl la oswa moun li deziyen an verifiye pwosedi nominasyon ak eleksyon yo òganize selon Règleman sa a ak règleman entèn asosyasyon an. Se direktè lekòl la oswa moun li deziyen an, ki pou ranpli e siyen fòmilè sètifikasyon an, epi voye l ba Biwo rejyonal èd pou paran an sou dis jou ouvrab apre eleksyon yo fini. Direktè lekòl la pa ka deziyen Koòdonatè paran an.

3. Pòs ki rete vid yo

Pòs ki rete vid nan konsèy la, apa pòs Prezidan, sekretè ki ekri rapò reyinyon yo, ak trezorye ka rete vid pou fasilite paran elèv k ap antre nan asosyasyon an. Yo dwe make nan règleman entèn yo pòs sa yo, dat ak pwosesis eleksyon an k ap fèt ann otòn lan.

4. Pwoblèm eleksyon nan PA a

a. PA a ka mande PC konsène a, oswa biwo rejyonal paran an, oswa *Superintendent* kominotè a oswa rejyonal la, oubyen reprezantan yo, pou ede l òganize yon eleksyon. Li ka byen mande Koòdonatè paran ki nan lekòl la pou ede l kontakte paran yo. Fonksyonè yo ka fè demann lan lè yo fin chanje opinyon avèk fonksyonè konsèy administrasyon yo oswa fonksyonè komite nominasyon yo.

b. Epitou, Biwo pou angajman paran an *Office of Parent Engagement* ka bay asistans teknik tou.

c. PA a gen jiska 1ye me pou fè direktè lekòl la konnen dat ak lè l ap òganize eleksyon fonksyonè yo. Si l pa fè direktè lekòl la konnen dat ak lè eleksyon an pral fèt, direktè a dwe ekri PA a yon lèt pou mande l dat ak lè PA a ap òganize eleksyon an, epi direktè a dwe voye yon kopi lèt la ba *Superintendent* kominotè a oswa *Superintendent* rejyonal la, epi ba PC yo. Si PA a pa reponn lèt la oswa



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 13 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

pa fè anyen sou sèt jou, direktè lekòl la dwe kontakte tout paran yo pou l òganize yon reyinyon, jan l dekri nan Seksyon I.A.2. a.

- d. Si yon PA pa ta rive òganize yon eleksyon rapidman epi pwosedi ki dekri nan paragaf © pi wo a pa pèmèt yo pran yon dat pou òganize eleksyon an, direktè a gen responsablite asire l yo òganize yon eleksyon, e li ka mande koòdonatè paran lekòl la, PC konsène a, biwo rejyonal pou paran an, *Superintendent* kominotè a oswa rejyonal la oswa reprezantan yo, pou yo ede l. Lèfini, odebi chak ane eskolè, direktè lekòl la dwe asire *Superintendent* lokal pou ansèyman oswa *Superintendent* rejyonal ki konsène a, genyen yon PA k ap fonksyone nan lekòl la konfòmman a règleman entèn yo, Règleman DOE, epi Règleman Chanselye a. *Superintendent* lokal pou ansèyman an dwe voye yon kopi rapò sou kondisyon nan lekòl la ba *Superintendent* rejyonal la. Se Komite rejyonal èd pou paran *Regional Parent Support Team* ki fèt pou revwa Rapò sou kondisyon nan lekòl kote PA a ap fonksyone defason pou l detèmine si l dwe entèvni nan zafè PA a (yo) oswa si l dwe pran mezi disiplin kont PA a (yo) nan rejyon respektif yo. (Al gade enfòmasyon sipleman G.1 ak G.2 yo.)

- e. Pwosedi pou akselere eleksyon

Si yon PA sispann fonksyone poutèt li pa te òganize yon eleksyon valab, oswa poutèt li pa te nonmen moun nan pòs tankou pòs Prezidan, Sekretè ki ekri rapò reyinyon yo, e trezorye konfòmman a règleman entèn PA a, direktè lekòl la gen responsablite konvoke paran yo pou mete PA a soupye disi 15 oktòb pwochen ane eskolè a. Yo dwe itilize yon pwosedi rapid pou satisfè kondisyon minimòm sila yo :

- i. Direktè lekòl la dwe voye yon lèt pou mande èd PC distri a oswa PC rejyonal la pou òganize reyinyon an. Si prezidan konsèy la pa disponib oswa si l pa bay repons sou senk jou ouvrab, direktè lekòl la dwe kontakte biwo *Superintendent* kominotè a oswa rejyonal la pou mande l ede l. Direktè lekòl la pa sipoze ede koòdonatè paran an, sòf pou ede l ak sèvis li ofri paran yo. Direktè lekòl la gen responsablite ekri paran yo swa pa elèv yo oswa pa lapòs, pou konvoke yo nan yon reyinyon paran oswa nan yon asanble jeneral tout manm yo pou chwazi kandida ki kalifye yo, e pou fè eleksyon yo. Pwosedi sa a pa anpeche direktè lekòl la mande manm Komite rejyonal èd pou paran an vini nan reyinyon an pou yo bay asistans teknik ak sipò.
- ii. Lè PA a sispann fonksyone, pa p gen komite nominasyon ankò. Se asanble a ki pral fè nominasyon yo. Lè yo konteste yon eleksyon, y ap fè eleksyon yo pa biltenvòt. Si gen sèlman yon kandida pou chak pòs, manm asosyasyon an dwe swa leve men pou vote, swa deside pou yo



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 14 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

tout dakò sou moun yo chwazi a epi bat men yo. Yo dwe fè reyinyon an lè yo fin voye avi a, yon lè ki prevwa nan règleman entèn PA a, men reyinyon an pa dwe fèt mwenske dis jou ouvrab apre yo fin voye avi a.

- f. Lè moun ap mande si yon eleksyon valid dapre règleman entèn yo oswa lòt egzijans legal, yo ka swiv pwosedi ki nan Seksyon IV.B.7 la pou fè yon plent.
- g. Metòd altènatif pou detèmine moun k ap chwazi paran pou CDEC, pou Konsèy minisipal pou Edikasyon espesyal *Citywide Council on Special Education* (CCSE) oswa Konsèy minisipal pou lekòl segondè yo *Citywide Council on High Schools* (CCHS).

Si yon lekòl pa gen yon PA k ap fonksyone pandan 60 jou ouvrab anvan dat yo prevwa pou fè eleksyon yo defason pou yo ka chwazi manm CDEC, CCSE, ak CCHS yo, se paran ki manm Komite dirijan lekòl la *School Leadership Team* (SLT) ki pral sèvi kòm moun k ap chwazi manm yo.

- i. Si gen plis pase twa manm paran nan SLT a ki ofri sèvis yo, y ap fè yon tirajosò pou chwazi twa paran pa aza pou sèvi kòm moun k ap chwazi manm pou lekòl sa a. Sipèvizè rejyonal pou paran an *Regional Parent Supervisor* ak yon manm PC distri a pral fè tirajosò a.
- ii. Si pa gen yon SLT k ap fonksyone, oswa si SLT a pa gen twa paran manm ki pou sèvi kòm moun k ap chwazi manm pou lekòl la, Sipèvizè rejyonal pou paran an ak yon manm Konsèy Prezidan distri a pral kontakte paran yo apatide yon lis, jiskaske yo jwenn twa paran ki dakò pou sèvi kòm moun k ap chwazi manm pou CDEC a. Se yon òdinatè ki pral kreye yon lis fanmi ki nan lekòl la pa aza, epi yo pral rele paran yo dapre lòd non yo parèt sou lis la.
- iii. Y ap nonmen paran yo fonksyonè PA pou eleksyon CDEC, CCSE, oswa CCHS yo.
- iv. Non manm yo, adrès lakay yo, ak nimewo telefòn yo
 - a. PA a dwe soumèt ba direktè lekòl la yon lis ki gen non administratè yo, adrès lakay yo, ak nimewo telefòn yo, touswit apre eleksyon yo.

Direktè lekòl la dwe voye lis la ba *Superintendent* rejyonal oswa *Superintendent* kominotè ki konsène a, epi *Superintendent* an dwe voye lis la ba Biwo angajman pou paran an, disisi 30 jen.

Lis la dwe disponib nan biwo direktè lekòl la, men yo pa dwe mete ladan l nimewo telefòn ak adrès yo.
 - b. PA a dwe distribye lis la san adrès ak nimewo telefòn yo ba tout manm li yo nan kòmansman ane eskolè a.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osiyè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 15 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

PA a dwe fè fotokopi lis la san l pa mete adrès ak nimewo telefòn pou distribye ba manm PA yo nan chak reyinyon PA a, depi yo mande l alavans.

- c. Administratè sou bò pa yo ka otorize alekri pou yo mete adrès kay yo oswa nimewo telefòn yo disponib nan biwo direktè a.

E. Dwa ak responsablite

1. Dwa PA

PA yo responsab pwòp zak yo poze e pou jan yo mennen zafè yo. Direktè lekòl la, koòdonatè paran an e lòt dirijan lekòl la pa gen dwa dirije yon PA.

Direktè lekòl yo, CDEC yo, *Superintendent* rejyonal e *Superintendent* kominotè yo, ak anplwaye yo pa gen dwa rantre nan zafè entèn yon asosyasyon, ni sipèvize aktivite asosyasyon an, ni aplike okenn mezi disiplinè, e ni enpoze lòt sanksyon, sòf pou ranfòse prensip ak règleman yo, e pou pwoteje dwa elèv yo, paran yo, ak anplwaye yo.

PA yo gen dwa sila yo :

- a. **Administrasyon** – PA yo gen dwa fonksyone san moun pa mele nan zafè entèn yo oswa sipèvize aktivite yo, toutotan yo respekte lalwa, règ DOE yo ak Règleman sa a.
- b. **Règleman** – PA yo gen dwa pou etabli pwòp règleman pa yo, depi yo pa vyole lalwa, règ DOE yo, oswa Règleman yo, ak dwa lèzòt.
- c. **Reprezantan** – PA yo gen dwa chwazi pwòp reprezantan pa yo, dapre sa Règleman sa a egzije.
- d. **Enfòmasyon** – PA yo gen dwa gen tout enfòmasyon yo ka pwouve konsènan pèfòmans elèv e jesyon lekòl yo, jan l dekri nan Seksyon III a.
- e. **Echanj opinyon** – PA yo gen dwa chanje opinyon enpòtan avèk dirijan lekòl yo si l nesèsè, defason pou yo diskite sou yon seri bagay ki afekte lekòl la, jan l dekri nan Seksyon III a.
- f. **Aksè** – PA yo gen dwa itilize lokal lekòl yo, pou fè reyinyon, pou mennen aktivite pou kòlèk lajan, epi pou distribye bwochi PA a nan lekòl yo, jan l dekri nan Seksyon I.G.1 ak I.F.
- g. **Korespondans pou voye pa lapòs** – PA yo ka mande direktè lekòl yo pou yo ede yo poste lèt y ap voye ba paran yo, depi sa pa p koute anyen oswa depi se pa yon chaj ki twò lou pou lekòl la oswa pou anplwaye yo.
- h. **Pote plent** – Nenpòt ki paran ka pote plent, jan sa dekri nan Seksyon IV.B.



Règleman Chanselye a

Kategori : **ELÈV YO**

Osijè : **ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO**

Nimewo : **A-660**

Paj : 16 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

- i. **Aplikasyon dwa** – PA yo ak manm PA yo dwe kapab egzèse dwa yo libreman, e yo pa bezwen pè pinisyon oswa revanch. Se dwa yo pou asosyasyon ak dirijan lekòl yo trete yo san patipri, e se dwa yo pou yo soumèt yon plent pou fè respekte dwa yo.

2. Responsablite

PA yo responsab :

- a. **Adezyon paran yo kòm manm nan Asosyasyon an** – PA yo dwe fè tout paran yo patisipe toutbon nan lekòl la, epi ankouraje yo pou yo vin nan reyinyon ak lòt aktivite PA yo regilyèman. Paran ki gen timoun yo nan pwogram tankou Pwogram Edikasyon espesyal, menm timoun ki ale a plen tan nan yon lekòl ki pa fè pati lekòl minisipal yo pandan yo sou rejis pwogram vil Nouyòk yo, paran timoun k ap aprann lang angle, paran timoun ki douwe, ak paran timoun ki nan pwogram Tit I yo, yo dwe ankouraje tout paran sa yo pou yo patisipe seryezman nan PA a, epi yo dwe bay yo opòtinite pou diskite bagay ki konsène yo tout e ki konsène yon pi gwo gwoup moun. PA yo dwe konsidere, an patikilye, bezwen paran ki pa pale angle oswa ki andikape yo.

PA yo dwe fè ankèt sou paran yo, omwen yon fwa chak dezan, pou konnen ki lè paran pito fè reyinyon yo. Yo dwe egzamine rezilta ankèt la epi prezante rezilta yo ba tout manm yo, sizoka yo ta vle fè modifikasyon nan règleman entèn yo.

- b. **Enfòmasyon** – PA yo dwe mete enfòmasyon adispozisyon tout manm yo alè, mande yo opinyon yo, epi reponn tout kesyon manm yo ta souleve.
- c. **Reprezantasyon** – PA yo dwe fè konnen opinyon manm yo, san patipri. Yo gen responsablite pou patisipe nan desizyon y ap pran nan lekòl la, pou chwazi reprezantan komite yo, epi veve pou manm komite yo fè travay yo dapre jan Règleman sa a ak règleman entèn PA yo mande.
- d. **Administrasyon** – PA yo dwe lib pou fonksyone yon fason demokratik, konfòmeman a règleman entèn yo e Règleman sa a.
- e. **Lidèship** – PA yo dwe devlope lidèship paran epi ankouraje manm yo bay tout patisipasyon yo e vote nan eleksyon yon PA, epi poze kandidati yo pou pozisyon nan yon PA.
- f. **Objektif** – Se responsablite PA yo pou detèmine pwòp objektif yo, e pou planifye yon seri aktivite defason pou yo atenn objektif sa yo.
- g. **Depans** – Yo dwe fè yon vòt nan asanble jeneral manm yo, pou apwouve depans PA yo. PA yo gen responsablite pou kenbe kontablite yo anlòd pou



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 17 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

mete l adispozisyon asanble jeneral manm yo lè yo mande gade l nan yon delè rezonab.

- h. **Aktivite** – PA yo gen responsablite pou itilize, san entèwonp fonksyònman lekòl la twòp, resous ak materyèl lekòl la mete a dispozisyon yo nan lekòl yo.
- i. **Respè lwa** – PA yo gen responsablite pou respekte tout lwa, tout tout règ, ak tout règleman ki aplikab yo. PA yo pa gen dwa aparye yo ak okenn òganizasyon nasyonal, leta, oswa minisipal ki mande yo soumèt yo a règleman oswa règleman entèn pa yo ki an kontradiksyon ak lalwa, règleman DOE yo, oswa Règleman Chanselye yo.
- j. **Dosye** – Tout dosye PA yo dwe rete klase nan lekòl la. Yo pa dwe janm kenbe yo nan yon rezidans prive kèlkeswa sikonstans.
- k. **Transfè dosye** – Konsèy egzekitif k ap fini manda l gen obligasyon pou l pran dispozisyon pou remèt ba nouvo konsèy egzekitif la dosye ak enfòmasyon PA yo anlòd, ansanm ak yon brèf deskripsyon tranzaksyon PA yo pou ane eskolè a. Pou sa fèt, li rekòmande pou yo konvoke yon reyinyon nan mwad jen.

3. Patisipasyon nan planifikasyon ak nan desizyon

PA yo gen dwa ak responsablite nonmen paran kòm reprezantan onivo Komite dirijan lekòl yo *School Leadership Team* (SLT), e fè reprezantan sa yo patisipe antanke manm ki gen tout dwa nan Komite a. Manm CDEC yo pa kalifye pou sèvi antanke paran manm nan SLT ki nan distri kote yo se yon manm CDEC a. Anplwaye DOE yo kalifye pou sèvi antanke paran manm nan Komite dirijan yon lekòl, esepite nan lekòl kote y ap travay la oswa si y ap travay nan biwo distri a nan tout lekòl nan distri kote y ap travay la.

F. Distribisyon bwochi

PA yo gen dwa bay timoun ki nan lekòl la, bilten, depliyon, ak avi pou timoun nan lekòl la remèt paran yo, dapre règleman ki tabli nan seksyon sa a. Direktè lekòl yo dwe koopere pou l distribiye avi PA yo.

Nou atann aske PA yo gen bon jijman pou yo konnen pou yo pa lage nan men timoun korespondans ki pa apwopriye. Yo dwe montre direktè lekòl la tout korespondans ki pral pase nan men timoun yo.

- 1. Direktè lekòl yo pa gen dwa apwouve oswa dezapwouve enfòmasyon ki gen nan korespondans PA yo; esepite lè règleman ki dekri nan paragaf 2 seksyon sa a otorize l. Direktè lekòl yo pa dwe modifiye oswa kritike korespondans PA yo. Direktè lekòl yo pa gen dwa siyen korespondans PA yo.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osi jè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 18 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

2. Dapre nòm sila yo, direktè lekòl yo gen responsablite apwouve oswa entèdi korespondans PA yo ap bay timoun pote ba paran yo :
 - a. Yo pa dwe mande timoun pote ba paran yo korespondans pou sipòte CDEC oswa kandida PA yo. Li entèdi pou mande timoun yo distribiye edisyon espesyal, depliyon, avi, oswa lòt bagay PA yo ta ka mete anndan lèt yo. Li entèdi pou mande timoun yo distribiye tout papye ki gen pou wè ak kandida oswa kanpay y ap fè. Li entèdi pou yo itilize materyèl oswa founiti klasik lekòl la pou okenn kandida oswa pou plak pou kandida.
 - b. Yo pa dwe mande timoun pote ba paran yo korespondans ki pa apwopriye, ansanm ak korespondans k ap pale moun mal, lèt trivyal, ki pa apwopriye pou laj yon timoun, oswa ki deranje pwosedis edikasyon an, pa fèt pou pase nan men timoun yo.
 3. Direktè lekòl la dwe pran yon desizyon pa plis pase 24 è apre l resevwa korespondans ankòz la. Yo ka mande pou rekonsidere desizyon Direktè lekòl la atravè *Superintendent* lokal pou ansèyman an ki dwe pran yon desizyon pa pita pase 48 èdtan apre l resevwa korespondans ankòz la ak demann PA a te fè pou evalye korespondans lan. Yo ka mande Chanselye a, pou rekonsidere desizyon *Superintendent*, ki dwe pran yon desizyon pa pita pase 72 èdtan apre l resevwa korespondans ankòz la ak demann PA a te fè pou l egzamine korespondans lan. Desizyon Chanselye a se yon desizyon final.
 4. Li entèdi pou PA yo distribiye, poste, oswa afiche nan tout *building* lekòl, korespondans pou sipòte nenpòt kandida, kandida yo, plak ki fèt sou non kandida yo, oswa komite ak òganizasyon politik.
 - a. Yo pa ka mete nan bilten PA yo andòsman okenn kandida, oswa plak ki fèt sou non kandida, pa egzanp kandida CDEC yo.
 - b. Direktè lekòl la gen responsablite pou l pa kite poste, distribiye oswa afiche okenn korespondans politik oswa korespondans sou kandida ki pa otorize.
- G. Itilizasyon sèvis e *building* lekòl la
1. Dwa
PA yo gen dwa itilize gratis *building* e tout sèvis lekòl yo, tankou sèvis sekirite lekòl la pandan wit èdtan pa mwa lè lekòl la pa p fonksyone, epi yo dwe detèmine lè yo, e decide si yo pral pran lè yo yon jou yon sèl kou oswa plizyè jou ofieamezi.
Yo aplike èdtan sa yo sou 12 mwa nan yon ane. Si gen plis pase yon PA nan *building* lan, chak gen dwa a wit èdtan konplè pa mwa.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660
Paj : 19 - 45
Pibliye : 17 fevriye 2006

Yo pa ka transfere dwa PA yo genyen pou itilize espas lekòl yo gratis pandan wit èdtan. Selon Sid ofisyèl sou pwosedi yo *Standard Operating Procedures Manual* (SOPM), PA yo ka ede lòt òganizasyon, tankou òganizasyon kominotè yo, jwenn otorizasyon pou itilize *building* lekòl la. PA yo pa gen dwa pèmèt lòt òganizasyon itilize lokal lekòl yo pou pwòp zafè yo pandan tan ki deziyen pou PA yo a.

2. Frè admisyon e patwonaj

Selon SOPM la, PA yo ka mande peye yon kòb pou yo admèt yon manm oswa resevwa lajan y ap fè yo kado, yon *quota* oswa yon kòlèk lajan pou pwogram oswa aktivite yo patwonnen nan lekòl yo.

H. Kòlèk lajan PA yo

PA yo pa dwe konsidere kòlèk lajan y ap òganize yo kòm rezon pou asosyasyon an egziste, men yo dwe ajoute l a objektif PA yo, tankou edikasyon paran e sesyon fòmasyon, ak aktivite ki gen pou wè ak lekòl la. Yo dwe itilize kantite lajan kòlèk yo pou ogmante oswa konplete pwogram edikatif, sosyal e kiltirèl lekòl yo.

1. Aktivite kòlèk lajan PA yo ap òganize ak patisipasyon elèv yo pandan lè lekòl yo, dwe fèt ak :
 - a. Otorizasyon manm PA yo;
 - b. Planifikasyon ant PA an e direktè lekòl la, epi;
 - c. Otorizasyon alekri direktè lekòl la (Al gade nan Règleman A-610 Chanselye a)
2. Li entèdi moun fè aktivite sila yo totalkapital :
 - a. Vant tikè pou sinema ak teyat pou timoun, amwenske pwojè a gen pou wè ak pwogram etid la an dirèk;
 - b. Kèt lajan timoun yo fè de pòtanpòt, esepite lè paran yo fè kèt lajan ansanm ak pitit yo;
 - c. Vant biyè raf ba timoun oswa fè timoun distribye biyè raf;
 - d. Jwèt *bingo* oswa nenpòt lòt jwèt aza.
3. Yo limite kantite aktivite kolèk lajan PA yo òganize ak patisipasyon elèv pandan lè lekòl de fwa pou yon lane.
4. PA yo dwe fè yon bidjè kout ki montre kantite lajan yo kolekte antou, yo depanse, e ke yo rantre kòm pwofi, pou bay direktè lekòl yo ansanm ak tout paran yo. (Al gade dokiman siplemantè E)
5. Pou tout lòt aktivite kòlèk lajan PA yo ap òganize :
 - a. Li pa obligatwa pou planifye angwoup aktivite ki p ap fèt nan lekòl yo pandan lè lekòl, eksepte si elèv yo oswa anplwaye lekòl yo ap patisipe ladan yo.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osi jè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 20 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

- b. Manm PA yo dwe apwouve tout aktivite kòlèk lajan PA yo ap òganize. PA yo dwe fè yon rapò ba gwoup manm yo, ba yo yon ti bidjè ki montre kantite lajan yo kolekte, yo depanse, e ki rantrè kòm pwofi. (Al gade dokiman siplemantè E.)
- c. Si aktivite kòlèk lajan an ap fèt nan pwopriyete lekòl la, direktè lekòl la dwe apwouve l alekri. (Al gade CR A-610.)

Tout aktivite kòlèk lajan yo dwe adapte a Règleman Chanselye yo sou *Flea Markets* (Al gade CR A-650), aktivite kòlèk lajan ak kèt lajan elèv yo (Al gade CR A-610), vant manje fòtifyan ak manje ki pa fòtifyan. (Al gade CR A-812.)

6. Lè PA fè yon aktivite kolèk lajan san yo pa gen otorizasyon manm yo, yo vyole Règleman sa a.
7. PA a ka mande koòdonatè paran yo pou yo ede l òganize aktivite kòlèk lajan yo. Men, PA a dwe toujou gen responsablite pou l kòlèkte lajan.

I. Koze lajan PA a

Depans Pa a fè dwe adapte a objektif li yo tankou edikasyon paran, sesyon fòmasyon, ak aktivite ki gen pou wè ak lekòl. Manm asosyasyon yo dwe deside jan yo pral depanse lajan yo kolekte pou aktivite sa yo.

1. Bidjè PA

Chak PA dwe gen yon jan pou l tabli bidjè l, ki detèmine nan règleman entèn li. (Al gade dokiman siplemantè F.) Règleman entèn yo dwe fikse yon delè pou adopte yon bidjè chak ane, e yon delè tou pou :

- a. fè administrasyon PA k ap fini manda l prepare yon bidjè;
- b. revize bidjè ane anvan an e bay manm yo opòtinite pou fè kòmantè;
- c. fè manm yo adopte yon bidjè anvan fen ane eskolè a;
- d. tabli yon pwosede pou lòt amannman yo;
- e. limite depans yo te apwouve anvan premye reyinyon manm yo a yon montan fiks.

2. Lajan PA a separe de lajan ak bidjè lekòl yo, e li pa gen anyen pou wè avèk yo. Yo ka bay lekòl la lajan PA a sèl si manm yo vote pou sa.
3. Chanjman nan administrasyon yon PA pa modifiye responsablite finansyè legal yon PA.
4. PA a responsab tout dèt li fè, e lekòl la, distri a oswa DOE pa responsab yo.

J. Depans



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 21 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

1. Se pou manm PA yo apwouve pa vòt tout depans lajan ki pou fèt pou rezon byen presi. Se yon konfli enterè lè yon manm PA a resevwa tout benefis finansyè oswa lòt kalite benefis pa rapò a yon kontra ak PA a oswa yon depans lajan PA a fè. Kidonk, si yon manm PA a oswa yon moun nan fanmi oswa kay yon manm PA a gen yon enterè finansyè oswa lòt enterè nan yon kontra oswa lòt zafè yo soumèt ba PA a, manm sa a dwe revele enterè sa a anvan yo vote zafè a. Li entèdi pou PA a fè yon vòt pou apwouve yon kontra, lè gen yon konfli enterè ki egziste.

Konsèy egzekitif yo ka itilize sèlman finansman minimòm yo pou depans ki gen pou wè ak jesyon PA a, dapre règleman entèn yo, e yo dwe fè yon rapò nan pwochen reyinyon an pou di kantite lajan yo depanse e pou ki rezon yo fè depans yo. Yo dwe mete nan règleman entèn yo yon pwosedi pou depans ijan yo.

2. Depans sila yo entèdi totalkapital :

- a. bay lajan pou kòz politik, pa egzanp bay moun ki poze kandidati pou pozisyon nan konsèy kominotè lekòl, pati politik, gwoup politik oswa gwoup relijye;
- b. tikè pou fèt ak resepsyon, san otorizasyon manm yo ;
- c. kotizasyon pou vin yon manm nan yon òganizasyon, san otorizasyon manm yo;
- d. PA yo pa ka anplwaye pwofesè pèmanan oswa lòt anplwaye nan pwogram yo oswa pou anseye pandan lè lekòl. Yo pa ka bay lekòl la lajan pou sa a. Sepandan, yo ka itilize lajan an pou anplwaye pèsonèl anplis, tankou pwofesè pou anseye kou Da pou yon gwoup elèv detèmine. Se *Superintendent* an ki dwe aksepte lajan an ak akò Chanselye a oswa moun li deziyen an.

Si yon PA ap òganize yon aktivite apre lekòl oswa nan *week-end* ki egzije pou anplwaye moun, PA a dwe konfòme l a egzijans presi lalwa fè pou ranpli tout dokiman ofisyèl sèvis leta yo e pou fè rapò benefis yo fè, tankou egzijans Sèvis Kontribisyon *Internal Revenue Service*. Yo rekòmande pou PA a bay lekòl la lajan an pou l sa fè pwogram apre lekòl yo, e pou direktè lekòl la administre pwogram lan (yo). Oka PA a ap administre yon pwogram apre lekòl, PA dwe gen pèmasyon lekòl la, e li dwe pran yon asirans responsablite sivil apwopriye, epi itilize anplasman lekòl la selon egzijans tout lwa federal, tout lwa Leta Nouyòk (NYS), tout lwa vil Nouyòk (NYC) ak tout règleman Depatman yo. Metsousa, PA a pa ka anplwaye moun k ap travay nan Depatman yo pou administre pwogram (yo) oswa pou fè lòt travay nan administrasyon an. Sepandan, PA a ka anplwaye moun k ap travay nan



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 22 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

Depatman yo pou travay andirèk avèk timoun yo (pa egzanp : pou bay leson patikilye, pou antrene elèv yo pou fè espò).

K. Rapò Kontablite

1. PA yo reprezante antite endepandan, e yo dwe aplike nan Sèvis Kontribisyon pou pwòp Nimewo idantifikasyon Asosyasyon an *Employer Identification Number* (EIN) pou yo ka louvri yon kont labank. Toutotan yo pa bay PA yo yon EIN, yo pa ka òganize okenn aktivite pou kòlekte lajan. Lèfini, PA yo dwe chèche genyen pwòp Nimewo ki egzante yo pou yo pa peye taks nan Leta Nouyòk *New York State Tax Exempt Number* pou yo pa peye taks lè y ap achte yon seri bagay. PA yo pa ka itilize EIN lekòl yo a oswa nimewo ki egzante lekòl yo a pou pa peye taks. Yo dwe konsève EIN PA yo nan yon dosye ki nan *building* kote direklè lekòl yo ye. Yo dwe pran avantaj yo bay PA yo pou pa peye taks sèlman pou zafè PA yo, men manm PA yo pa dwe itilize l pou zafè pèsònèl yo. Yo dwe konsève fotokopi oswa dosye fòm ki egzante pou pa peye taks ke PA yo bay magazen yo nan dosye PA yo.

2. Lajan PA a pa fèt pou l melanje avèk lajan lekòl la, ni avèk lajan Òganizasyon jeneral, ni avèk lajan pèsònèl manm yo.

3. Kont Chèk

PA a dwe louvri yon kont chèk sou non l. Gwoup manm PA a dwe otorize pa vòt tout lòt kont ki pou louvri apa kont chèk obligatwa a, e yo dwe louvri yo onon PA a. PA a dwe itilize yon rejis kontab pou kont chèk Asosyasyon an.

Yo entèdi PA yo genyen youn oswa plizyè kat pou retire lajan nan kès elektwonik otomatik *automated teller machine* (ATM), oubyen pou yo itilize fich labank pou retire lajan. PA yo pa ka fè chèk alòd « ti kès (*petty cash*) » oswa alòd « *cash* ». Yo ka ranbouse yon manm sèl l prezante resi pou depans li fè avèk lajan ki sot nan pòch li. Lè konsa, manm yo apwouve pèman an, epi yo ekri chèk la alòd manm lan.

Dapre règleman entèn PA yo, li obligatwa pou de manm omwen ki gen otorizasyon siyen tout chèk kont labank PA a.

De moun ki ap siyen pou kont labank PA yo pa fèt pou gen lyen fanmi oswa lyen maryaj. Kèlkeswa sikonstans, madanm ak mari, frè ak sè, bèlmè (manman mari oswa madamn)/bòpè (papa mari oswa madanm), lòt moun nan yon fanmi oswa manm yon fanmi ki abite nan menm kay, pa otorize siyen ansanm chèk labank PA yo.

4. PA a dwe konsève tout resi bagay li achte avèk lajan kontan e liv kontablite ki endike lajan li debouse e kondisyon aktyèl tout kont labank li yo. Règleman entèn yo dwe fikse yon pwosesis pou konte, sere e depoze labank lajan PA a



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 23 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

resevwa. Yon PA dwe depoze labank sou de jou tout lajan *cash* li ranmase nan yon aktivite, yon pwogram, oswa yon kòlèk lajan.

5. Se responsablite trezorye a pou l kenbe nan lokal lekòl la tout bòdro ki montre depans PA yo. PA a fèt pou kenbe tout dosye finansye pandan yon peryòd sizan.
6. Anvan fen manda trezorye a, li dwe fè aranjman nesèsè pou l bay nouvo trezorye a tout dosye ki gen pou wè avèk rantrè lajan e depans PA a, epitou li dwe esplike metòd kontablite PA a itilize.
7. Rapò trezorye a

Règleman entèn yo dwe gen yon dispozisyon pou trezorye a fè yon rapò kontablite regilyèman ba manm yo. Trezorye a dwe bay yon rapò nan chak reyinyon konsèy egzekitif la e nan chak reyinyon manm yo. Li dwe mete nan rapò sa a yon bilan lajan li rantrè avèk resi, epi depans/debousman li fè pou peryòd la.

8. Rapò finansye

PA a dwe fè yon rapò finansye pwovizwa anvan 31 janvye e yon rapò kontablite jeneral anyèl anvan 30 jen pou chak ane eskolè. Li dwe mete nan rapò pwovizwa a e nan rapò kontablite sa a tout enfòmasyon ki gen pou wè ak rantrè lajan, pwofi ak depans, epi ak tout dèt oswa tout angajman PA a pako fin regle tankou angajman ki gen pou wè ak aktivite kolèk lajan PA a òganize. (Al gade Enfòmasyon siplemantè B ak C.)

Yo dwe klase rapò pwovizwa a ak rapò kontablite anyèl oswa rezime yo nan biwo direktè lekòl la; epitou yo dwe pibliye yo nan bilten asosyasyon an e distribye l ba tout paran nan lekòl la, oubyen mete yo nan yon avi espesyal, oswa revele yon nan yon reyinyon espesyal. Lèfini, direktè lekòl la fèt pou l soumèt fotokopi rapò pwovizwa ak rapò kontablite anyèl la ba *Superintendent* an.

9. Aksè dosye yo

Yo dwe klase dosye finansye PA yo nan lekòl la, e yo pa dwe klase yo nan yon kay prive.

Dosye finansye yo ka enkli rapò pwovizwa ak kontablite anyèl, rapò sou kont labank, kont chèk, fich depo, chèk ki anile, pwosèvèbal ki apwouve desizyon finansyè, fotokopi kontra ant Asosyasyon an e komèsan yo, lis envantè, bòdro, chèk anile, elatriye.

Manm konsèy egzekitif PA yo dwe prezan lè y ap fè revizyon dosye finansye yo.

Dosye finansye PA yo dwe disponib pou manm yo enspekte lè yo mande alavans, e yo dwe dakò pou fè sa lè toude pati yo disponib.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 24 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

Pwosedi pou mande revize dosye finansye a dwe enkli :

- Yon demann alekri manm PA a pou idantifye kont yo pral revize yo;
- PA a dwe bay fotokopi kont yo mande yo nan yon delè rezonab;
- Bay yon fèy kontwòl, ki montre materyèl ak bagay yo kontwole yo, pou manm PA ak manm konsèy egzekitif yo siyen;

Direktè lekòl la, *Superintendent* kominotè a, *Superintendent* rejyonal la, oswa Chanselye a, depann kiyès ki apwopriye, dwe gen aksè a dosye finansye yo lè yo fè yo yon plent, dapre Règleman sa a.

L. Kontwòl kontab

Yon PA ka fè yon kontwòl kontab pou revwa pwosedi kontablite ak depans PA yo. Gwoup manm yo dwe seleksyone majorite moun ki pou fè pati komite ki pou fè kontwòl kontab la. Moun ki pou siyen chèk yo pa ka sèvi nan komite ki pou fè kontwòl kontab la.

Superintendent kominotè oswa rejyonal la, Chanselye oswa moun Chanselye a deziyen an, ka dirije yon kontwòl kontab lè yo fè yon plent osijè lajan PA a, lè akizasyon yo grav, oswa lè CDEC a mande sa.

Si, lè yo fin fè kontwòl kontab la, yo detèmine gen yon defisi, y ap ekri defisi yo jwenn lan, kantite lajan anmwens lan ak lòt bagay enpòtan yo dekouvri nan rapò ke yo pral voye ba Chanselye a, *Superintendent* kominotè e *Superintendent* rejyonal la, direktè lekòl la e PA a. Nan rapò a, yo ka rekòmande tou pran kèk mezi detèmine pou anpeche lòt defisi finansye. *Superintendent* rejyonal oswa Chanselye a ka mande pran mezi disiplinè oswa korektif, selon leka.

1. Si yo konstate gen yon detounman lajan, oswa si yo pa fè yon dosye selon egzijans Seksyon sa a oubyen si toude pwoblèm sa yo egziste, e si yo pa bay dosye yo, oswa si yo pa pèmèt moun gen aksè a dosye yo, si yo pa bay dosye finansye a an Janvyè e an Jen, Direktè ak akò kominote a, *Superintendent* rejyonal, oswa Chanselye oswa moun li deziyen an dwe pran mezi korektif, pa egzanp, li ka sispann aktivite pou kolekte lajan nan lekòl la, men li ka pran lòt mezi tou.

Metsousa, si yo konstate yon manm oswa plizyè manm PA a te fè magouy nan lajan PA a, rès manm konsèy egzekitif la ka konsidere pote plent lajistis oswa al nan tribinal sivil onon PA a.

Lòt egzanp enfraksyon oswa detounman lajan, men ka gen lòt enfraksyon tou, ki ta ka kòz pou *Superintendent* anfonksyon an oswa Chanselye oswa moun li deziyen yo, mande pou pran mezi disiplinè oswa korektif, enkli : peman pa chèk peyab alòd « *cash* » oswa « *petty cash* », pa peye vandè yo regilyèman, pa



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osiyè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 25 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

depoze lajan nan kont chèk PA a sou de jou ouvrab apre yo resevwa yon lajan, de (2) moun ki gen lyen fanmi oswa maryaj andose oswa siyen chèk, yon manm PA a itilize EIN lekòl la ak nimewo ki egzante lekòl la pou l pa peye taks oswa manm lan itilize EIN PA a oswa nimewo ki egzante PA a pou l pa peye taks pou zafè ki pa gen pou wè avèk PA a, manm lan genyen yon kat ATM oswa itilize papye labank pou tire lajan, oswa manm lan pa ekri yon lajan nan dosye finansye a oswa pa soumèt dosye a dapre egzijans Règleman sa a.

Anplis mezi ki site pi wo yo, y ap anpeche tout manm yo dekouvri ki responsab defisi poutèt magouy oswa detounman, oubyen poutèt li (yo) pa te mete lajan PA a ansekirite, ofri sèvis nan tout konsèy egzekitif PA, PC, SLT, Konsèy konsiltatif pou paran *Parent Advisory Council* (PAC) dapre Lwa Tit I yo, PAC Distri yo.

II. KONSÈY PREZIDAN

A. Òganizasyon Konsèy Prezidan

Li obligatwa pou chak distri lekòl kominotè gen yon PC. Chak rejyon dwe gen yon PC pou lekòl segondè li yo ki enkli lekòl segondè altènatif yo. Pwogram Edikasyon espesyal minisipal la dwe gen yon PC. Nan chak distri oswa rejyon dwe gen yon sèl PC ki rekonèt ofisyèlman. Prezidan chak konsèy distri oswa chak konsèy rejyonal se yon manm Konsèy Konsiltatif Chanselye a tabli pou paran *Chancellor's Parent Advisory Council* (CPAC), men li ka deziyen yon reprezantan ki nan konsèy la pou pran plas li. Lè l chwazi yon reprezantan, PC a dwe voye yon fotokopi pwosèvèbal yo ekri lè yo pran desizyon an ba *Superintendent* anfonksyon an. *Superintendent* an dwe voye enfòmasyon sa a nan Biwo pou angajman paran. Biwo pou angajman paran an pral voye fotokopi pwosèvèbal sa yo ba Konsèy egzekitif CPAC a pou ede òganize pwosesis eleksyon k ap fèt ann otòn lan.

1. Patisipasyon antanke manm

- a. Chak PA nan yon lekòl leta ki nan yon distri oswa yon rejyon se manm yon PC, e se menm PC sa a ki reprezante l.

Akademi yo afilye avèk PA lekòl la, e se PA lekòl la ki reprezante yo tou, kidonk, yo pa gen manm diferan nan yon PC.

- b. Se sèl manm aktyèl yon PA ki kalifye pou sèvi kòm reprezantan PC a. Chak PA dwe deziyen yon sèl reprezantan ofisyèlman. Yo dwe nonmen kòm reprezantan Prezidan an, Prezidan-adjwen an oswa yon manm PA a deziyen. Moun ki sèvi kòm Prezidan oswa Prezidan adjwen nan pliske yon lekòl nan distri a, ka reprezante nan PC a sèlman youn nan lekòl yo oswa ka vote sèlman pou youn pami yo.
- c. PC a dwe genyen yon paran manm PAC Tit I distri a ke PAC a chwazi, ki pa p travay nan distri a.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 26 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

- d. Manm Konsèy Edikasyon kominotè pou distri a ak moun k ap travay nan distri a oswa nan rejyon an pa ka sèvi nan PC a.
- e. Pou nouvo lekòl yo, PC a dwe voye fè PA a konnen pa lapòs li se yon manm konsèy la, epitou envite l nan pwochen reyinyon l ap fè a.

2. Règleman entèn

PC a dwe mete anplas règleman entèn ki ratifye pa vòt manm yo. Tout règleman entèn yo dwe adapte a egzijans Règleman sa a. Yo dwe amande règleman entèn ki pa adapte a egzijans sila yo. Lè pa gen règleman entèn ki adapte a egzijans Règleman sa a, yon PC pa ka mennen okenn aktivite, tankou eleksyon ak kòlèk lajan. Règleman entèn yo dwe gen ladan yo omwen :

- a. **Orè reyinyon yo fè regilyèman** – Règleman entèn yo dwe espesifye lè PA a ap fè reyinyon, jan y ap avize manm yo, epi sa ki reprezante yon kwowòm. Yo dwe fikse omwen yon reyinyon, epi òganize l sou 60 jou okòmansman ane eskolè a. PA a dwe voye yon avi alekri omwen 10 jou alavans ba manm yo lè l ap fè reyinyon jeneral la. Yo dwe mete nan règleman entèn yo paragrap pou dekri reyinyon espesyal pou kèk manm pou diskite pwoblèm ijan oswa ki prezante san yo pa atann, e ki mande pou pran mezi touswit. Nan premye reyinyon PC a, yo dwe mete soupye yon orè detaye ki endike kote yo pral fè reyinyon yo. Yo dwe òganize tout reyinyon PC yo nan yon lekòl. PC yo dwe pran responsablite asire yo ke lekòl la (yo) yo chwazi pou reyinyon sa yo nan yon zòn ki aksesib pou tout manm PA yo nan distri a oswa nan rejyon an. Sizoka manm PC yo pa ka mete yo dakò pou idantifye yon lekòl oswa plizyè lekòl byen presi pou fè reyinyon yo, alò y ap fè chak reyinyon nan yon lekòl distri a oswa rejyon an, epitou yo pral gen opòtinite pou fè yon reyinyon nan chak lekòl. Si gen plis lekòl nan yon distri oswa rejyon pase kantite reyinyon y ap fè nan yon ane, lekòl kote yo pa t rive fè reyinyon yo, pral vin premye lekòl kote yo pral fè yon reyinyon nan ane eskolè k ap vini a.
- b. **Òganizasyon reyinyon yo** – Yo dwe admèt tout manm PC a nan tout reyinyon PC a, tankou reyinyon konsèy egzekitif e reyinyon sou-komite. Yo dwe pèmèt tout manm yon PA/PTA nan distri a patisipe nan reyinyon PC distri sa a. Règleman entèn yo dwe gen ladan yo règ sou dwa moun nan asistans lan ak moun k ap pran lapawòl ki pa manm.
- c. **Kote pou reyinyon yo fèt** – Yo dwe fè reyinyon yo jan l dekri nan Seksyon II.2.a. Lekòl la (yo) ke yo detèmine nan orè anyèl la pou reyinyon yo dwe fè plas pou reyinyon ke PC a ap fè. Kèlkeswa rezon, okenn reyinyon konsèy yo pa ka fèt nan yon kay prive.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 27 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

- d. **Otorite palman yo** – PA a dwe adopte règ pwosedi pou l itilize kòm referans siplemantè. Lè yo pa adopte règ pwosedi, yo pral aplike edisyon aktyèl *Robert's Rules of Order Newly Revised* la.
- e. **Pwosèvèbal** – Yo dwe drese yon pwosèvèbal tout reyinyon yo. Yo dwe mete fotokopi pwosèvèbal yo adispozisyon tout manm yo nan pwochen reyinyon konsèy la.
- f. **Patisipasyon kòm manm** – Se sèl Prezidan PA a, Prezidan adjwen PA a oswa yon manm PA a deziyen pou reprezante l pou chak lekòl nan distri a oswa nan rejyon an, ki ka vin manm PC a.
- g. **Pòs yo** – Yo dwe enkli nan règleman entèn yo kantite pòs nan PC a, tit chak pòs, kalifikasyon pou pòs yo, e yon deskripsyon wòl ak responsablite administratè ki eli yo. Dwe gen, ominimòm, yon prezidan, yon sekretè pou ekri rapò, ak yon trezorye nan yon PC. Yo dwe chwazi fonksyonè yo pami reprezantan PA yo deziyen ofisyèlman.
- h. **Eleksyon anyèl fonksyonè yo** – Yo dwe chwazi fonksyonè pami gwoup nouvo prezidan, prezidan adjwen oswa manm PA yo deziyen yo. Yo dwe mete anplas nan règleman entèn yo yon pwosesis pou poze kandidati e pou fè eleksyon, tankou kantite pòs ki genyen pou eleksyon an, responsablite yo, limit manda yo, ak kalifikasyon pou pòs yo. Tout manm yo dwe gen opòtinite chwazi kandida yo pami manm ki nan asanble a nan yon reyinyon pou poze kandidati oswa yon lè ki detèmine nan règleman entèn yo. Se nouvo manm PC yo ki pou dirije pwosesis sa a.
- i. **Manda ak limit manda yo** – Manda a dwe kòmanse apati 1^{ye} jiyè e fini le 30 jen. Si gen dire manda ki limite, yo dwe make l nan règleman entèn yo. Pòs prezidan oswa prezidan adjwen an reprezante menm pòs la, e yo aplike menm manda lè yon moun se prezidan oswa prezidan adjwen oubyen yon melang toude pòs yo pou peryòd tan ki detèmine nan limit manda a.
- j. **Revokasyon fonksyonè yo** – Règleman entèn yo dwe enkli rezon pou revoke administratè yo, e pwosesis yo dwe swiv pou revoke yo.
- k. **Vòt** – Yo pèmèt yon vòt sèlman pou chak lekòl. Manm ki nan PAC ki sou kontwòl Lwa Tit l nan yon distri dwe gen yon vòt sèlman. Règleman entèn yo dwe prevwa yon ranplasan sizoka reprezantan yo deziyen ofisyèlman an ta absan. Règleman entèn yo dwe dekri tou wòl ranplasan an pandan reyinyon PC yo lè reprezantan yo deziyen ofisyèlman an absan.
- l. **Revizyon regilye règleman entèn yo** – Konsèy la dwe planifye revizyon règleman entèn li yo ki pou fèt regilyèman. Yo dwe fè yon revizyon ofisyèl omwen yon fwa chak twazan.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 28 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

- m. **Amanman règleman entèn yo** – Yo dwe mete nan règleman entèn yo yon pwosesis pou amande règleman entèn yo. Sèl vòt manm yo ka pèmèt yo amande règleman entèn yo.
- n. **Bidjè a** – Yo dwe tabli nan règleman entèn yo pwosede bidjetè Konsèy la itilize ki dwe enkli :
- Yon orè pou adopte l;
 - Yon otorizasyon pou fè depans ijan;
 - Yon pwosedi pou konte, sere, e depoze tout lajan yo resevwa;
 - Debousman minimòm pou manm konsèy egzekitif yo, lè l aplikab.
- o. **Kontwòl kontab** – Yo dwe dekri nan règleman entèn yo kreyasyon ak responsablite komite pou kontwòl kontab la, si yon konsèy mande pou yo fè yon kontwòl kontab anyèl.
- p. **Anplwaye ki pa kalifye** – Moun k ap travay nan distri a oswa nan rejyon an pa ka reprezante yon lekòl nan yon PC. Anplwaye yo pa ka sèvi kòm reprezantan paran manm yo nan Komite dirijan distri a.
3. Règleman entèn yo – Aksè ak Itilizasyon
- a. PC a dwe voye règleman entèn ak amandman l yo ba *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la, depann kiyès ki anfonksyon, pou apwouve l. Règleman entèn ak amanman yo dwe disponib nan biwo *Superintendent* an.
- b. PC a dwe distribye yon fotokopi règleman entèn ak amanman li yo ba chak manm PA a, epitou li dwe gen yon fotokopi règleman entèn ak amanman li yo disponib nan chak reyinyon konsèy la.
4. Non administratè yo, adrès kay yo, ak nimewo telefòn yo
- a. PC a dwe soumèt yon lis non administratè l yo, adrès kay yo, ak nimewo telefòn yo, ba biwo *Superintendent* an.
- Superintendent* konsène a dwe voye yon fotokopi lis la ba Biwo angajman pou paran an dis 30 jen.
- Lis la dwe disponib nan biwo *Superintendent* an, men yo pa dwe mete ladan li nimewo telefòn ak adrès administratè yo.
- b. PC a dwe distribye lis la san adrès ak nimewo telefòn ba tout manm PA yo nan kòmansman ane eskolè a.
- PC a dwe gen fotokopi lis la, san adrès ak nimewo telefòn, disponib nan chak reyinyon konsèy la.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 29 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

c. Chak fonksyonè ka bay akò pou distribye lis la ak adrès kay yo oswa nimewo telefòn yo oubyen toulede pa entèmedyè biwo *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la, oswa PC a oubyen toude.

5. Peman kotizasyon

Yo ka mande peye frè patisipasyon men yo pa obligatwa. Yo pa ka egzije moun peye yon kotizasyon pou yo sa vin manm.

6. Konvokasyon PC

Superintendent kominotè a oswa moun li deziyen an gen responsablite konvoke yon PC pou distri li a si pa gen yon konsèy ki tabli oswa si konsèy la sispann fonksyone. Se responsablite *Superintendent* rejyonal la pou l konvoke yon PC lekòl segondè pou rejyon li, si pa gen yon konsèy ki etabli oswa si konsèy la sispann fonksyone. Se responsablite *Superintendent* rejyonal pou lekòl segondè altènatif yo ak Distri 75 pou konvoke yon PC pou distri l/rejyon li si pa gen konsèy ki etabli oswa si l sispann fonksyone.

Si pa gen yon PC distri pou lekòl primè e lekòl pre-segondè, oswa si pa gen yon PC pou lekòl segondè ki etabli, *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la dwe avize manm PA nan distri oswa rejyon yo touswit, lèfini li dwe planifye yon reyinyon nan 14 jou apre.

Lè yon PC sispann fonksyone poutèt li echwe oswa li pa ka mennen zafè konsèy la jan Règleman sa a oswa pwòp règleman entèn li yo mande l pou l fè. Si PC a sispann fonksyone, *Superintendent* kominotè a oswa rejyonal la dwe voye di fonksyonè PC yo touswit alekri responsablite yo pou yo pran mezi nesèsè. Si PC a pa reponn oswa pa pran okenn aksyon sou sèt jou, *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la dwe avize manm PA yo, epi li dwe planifye yon reyinyon ak prezidan oswa reprezantan PA yo nan 14 jou.

7. Reta pou eleksyon

PC a dwe avize, disi 1^{ye} jen, *Superintendent* kominotè oswa rejyonal konsène a osijè lè ak dat li fikse pou l fè eleksyon administratè yo.

Si disi 1^{ye} jen, yo pa voye avize *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la osijè lè ak dat eleksyon an, *Superintendent* komonitè oswa rejyonal la dwe mete fonksyonè PC yo okouran e mande yo pou yo fikse lè ak dat pou eleksyon an. Si PC a pa reponn oswa si l pa pran okenn mezi sou sèt jou, *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la dwe kontakte manm PA yo pou l konvoke yon reyinyon, dapre rekòmandasyon ki nan Seksyon II.A.6.

Depi *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la mande sa, Chanselye a ka voye yon reprezantan pou asiste reyinyon an.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 30 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

Lè nenpòt manm konsèy la mande, yo dwe pèmèt yon reprezantan Chanselye a obsève eleksyon an.

Lè gen bwi k ap kouri osijè magouy oswa iregilarite nan eleksyon dapre règleman entèn oswa lòt egzijans legal, yo ka soumèt yon plent imedyatman atravè pwosedi ki tabli nan Seksyon IV.B.7.

8. Plent

Yo dwe itilize pwosedi yo swiv pou fè plent ki tabli nan Seksyon IV.B Règleman sa a pou regle plent yon PC fè.

B. Dwa ak Responsablite PC yo

1. Dwa PC yo

PC a responsab pwòp aksyon ak aktivite l yo. *Superintendent* oswa fonksyonè lekòl yo pa ka dirije PC a.

CDEC yo, *Superintendent* kominoté oswa rejyonal yo, lòt fonksyonè ak anplwaye lekòl yo pa gen dwa rantre nan zafè yon asosyasyon, epi tou yo pa gen dwa sipèvizite aktivite yon konsèy oswa bay lòd pou yo pran mezi oubyen òdone lòt sanksyon, sòfsi l nesèsè pou aplike règ ak règleman yo, epi pou pwoteje dwa elèv, paran ak anplwaye yo.

PC yo gen dwa sila yo :

- a. **Administrasyon** – Dapre egzijans Règleman sa a, pèsòn pa gen dwa rantre nan zafè entèn PC yo oswa sipèvizite aktivite yo.
- b. **Règleman** – PC yo gen dwa tabli pwòp règleman yo, toutotan yo pa vyole lalwa, règ oswa règleman DOE yo, oubyen vyole dwa lèzòt.
- c. **Reprezantasyon** – PC yo gen dwa chwazi pwòp reprezantan pa yo, dapre egzijans Règleman sa a.
- d. **Enfòmasyon** – PC yo gen otorizasyon pou yo founi yo enfòmasyon konplè ak reyèl sou jesyon distri oswa rejyon yo, e sou siksè elèv yo, dapre Seksyon III.C.2.
- e. **Opinyon** – Yo gen dwa mande opinyon PC yo, selon ekspètiz yo, sou kesyon anrapò ak siksè elèv e jesyon lekòl yo dapre Seksyon III.C.1.b.
- f. **Aksè** – Yo dwe bay PC yo yon espas nan distri, rejyon, oswa biwo santral, selon leka. Yo dwe bay yo aksè regilyèman pou sèvis daktilo, fotokopi, lapòs. PC yo gen responsablite itilize resous ak lokal yo mete a dispozisyon yo nan distri oswa rejyon yo yon jan pou diminye branlba nan distri a oswa nan rejyon an. *Superintendent* kominoté oswa *Superintendent* rejyonal la pral detèmine kote yo pral ofri sèvis yo. Y ap afiche enfòmasyon sa a nan



Règleman Chanselye a

Kategori : **ELÈV YO**

Osiyè : **ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO**

Nimewo : **A-660**

Paj : 31 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

lekòl yo, nan biwo *Superintendent* kominotè a e nan biwo *Superintendent* rejyonal la. Metsousa, nimewo telefòn vil la pou ijans nan sistèm eskolè (311) pral ka bay enfòmasyon an tou.

- g. **Plent** – Tout manm PC a ka fè plent, menm jan ak yon PC, dapre Seksyon IV.B.
- h. **Respè dwa** – PC yo ak manm konsèy yo otorize pou egzèse dwa yo libreman, e san kèkase pou pinisyon oswa revanch. Yo gen dwa pou fonksyonè ofisyèl nan Konsèy ak sistèm eskolè yo trete yo byen, epi pou pote plent pou fè respekte dwa yo.

2. Responsablite

PC yo responsab :

- a. **Administrasyon ak Repezantasyon** – PC yo gen responsablite administre konsèy la yon fason demokratik e sanpatipri. Yo dwe repezante opinyon manm yo ak opinyon tout PA yo nan jiridiksyon an ak egzaktitud, e fè ba yo yon rapò sou opinyon dirijan lekòl yo mande yo.
- b. **Enfòmasyon** – PC yo gen responsablite pou mete enfòmasyon adispozisyon tout manm yo, mande opinyon manm yo, epi reponn kesyon manm yo poze. Yo dwe distribye rapò ofisyèl sou reyinyon yo ba tout PA nan jiridiksyon yo.
- c. **Opinyon** – PC yo dwe mande opinyon fonksyonè ofisyèl distri oswa rejyon yo. Yo gen responsablite chwazi repezantan komite yo, lè l nesèsè, e asire yo repezantan yo ranpli responsablite yo.
- d. **Lidèship** – PC yo dwe ede PA nan jiridiksyon yo, lè yo mande yo selon leka, lè y ap fòme yon PA, lè y ap ekri règleman entèn yo, lè y ap swiv e òganize eleksyon, lè y ap fòme paran pou fè yo devlope kalite *leader*, e lè y ap rezoud konfli. PC yo pa dwe fè ankèt oswa pwopoze solisyon lè yon manm yon PC oswa manm yon PA fè yo plent.
- e. **Respè lwa** – PC yo dwe aplike tout lwa, tout estrateji, tout règ e tout règleman ki aplikab.
- f. **Rapò finansye** – PC yo dwe soumèt yon kontablite jeneral anyèl *Annual Financial Accounting* sou tout lajan ki rantre nan kès yo e ki depanse anvan 30 jen. Yo dwe soumèt kontablite anyèl la nan biwo *Superintendent* an kominotè oswa rejyonal la, selon leka, epi yo dwe distribye l ba tout manm PC yo. (Al gade nan Dokiman siplemantè D.)
- g. **Dosye** – Yo dwe konsève tout dosye PC yo nan biwo distri oswa rejyon an. Yo pa dwe kenbe yo nan yon kay prive kèlkeswa rezon an.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 32 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

- h. **Transfè dosye** – Konsèy egzekitif yo gen obligasyon nan fen manda yo pou yo òganize pou transfere anlòd ba nouvo konsèy egzekitif la enfòmasyon ak dosye PC yo, tankou yon rezime tranzaksyon PC yo pandan ane eskolè a. Li rekòmande pou yo konvoke yon reyinyon nan mwad Jen pou transfè a.

C. Kòlèk Lajan

1. Kòlèk lajan PC yo òganize pa dwe reprezante sèl objektif PC yo, men yo dwe mache ak lòt objektif nan pwogram konsèy la, tankou edikasyon paran, sesyon fòmasyon, e objektif distri oswa rejyon yo vize. Manm yo dwe apwouve jan yo detèmine pou itilize e depanse lajan, e bay otorizasyon pou depanse lajan.
2. Aktivite PC yo òganize pou fè kolèk lajan dwe :
 - a. fèt avèk otorizasyon manm PA yo; e
 - b. planifye ant konsèy la avèk *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la, oubyen moun li deziyen yo.
3. Aktivite sila yo entèdi totalman :
 - a. patisipasyon timoun yo nan aktivite pou fè kòlèk lajan, ak
 - b. jwèt *bingo* oswa nenpòt lòt fòm jwèt aza.
4. PC yo dwe fè yon rapò kontab brèf ki montre kantite lajan yo kolekte otout, depans e pwofi yo fè. Yo dwe distribye rapò sa a ba *Superintendent* kominotè e rejyonal la, manm konsèy yo, epi yo dwe mete l adispozisyon paran yo tou. (Al gade nan Dokiman sipleman E.)
5. Se yon vyolasyon Règleman sa a lè yo pa pran otorizasyon Konsèy la anvan yo kòmanse yon aktivite kòlèk lajan.

D. Rapò Kontablite

1. PC yo se antite endepandan, e yo dwe chèche pou Biwo kontribisyon bay yo pwòp Nimewo idantifikasyon Asosyasyon yo *Employer Identification Number* (EIN) pou yo ka louvri yon kont labank. PC yo pa gen dwa òganize okenn aktivite pou kolekte lajan toutotan yo pa gen yon EIN. Lèfini, konsèy yo dwe gen pwòp Nimewo ki egzante yo pou yo pa peye taks nan Leta Nouyòk *New York State Tax Exempt Number* pou yo ka achte yon seri bagay san peye taks. PC yo dwe itilize privilèj yo pou pa peye taks sèl nan enterè PC yo, men pa nan enterè manm yo. Yo dwe konsève fotokopi oswa dosye fòm pou egzante pou pa peye taks ke yo bay magazen yo nan dosye PC yo.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 33 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

Konsèy yo pa ka itilize EIN distri oswa rejyon yo, oswa nimewo ki egzante distri a oswa rejyon an pou pa peye taks. Yo dwe klase EIN konsèy la nan biwo *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la.

2. PC a pa dwe melanje lajan I avèk lajan lekòl, lajan distri, lajan rejyonal, oswa lajan manm li yo.

3. Kont chèk

PC a dwe louvri yon kont chèk sou non I. Gwoup manm Konsèy la dwe otorize pa yon vòt, tout kont lajan apa kont chèk obligatwa a. Yo dwe itilize kòm kaye kontablite yon rejis kontab.

PC a pa otorize resevwa oswa itilize youn oswa plizyè kat ATM, ni pou itilize fich labank pou retire lajan. PC yo pa gen dwa ekri chèk peyab alòd « ti kès *petty cash* » oswa alòd « *cash* ». Yo ka ranbouse yon manm avèk lajan ki nan ti kès *petty cash* » la sèlman I prezante resi pou depans li fè a. Lè sa a manm yo apwouve peman an, epi yo ekri chèk la alòd manm lan.

Dapre règleman entèn PC yo, li obligatwa pou gen omwen de moun otorize pou siyen tout chèk PC a.

De moun k ap siyen kont chèk PC a pa dwe gen lyen fanmi oswa lyen maryaj. Kèlkeswa sikonstans, madanm ak mari, frè ak sè, bo-paran, oswa lòt moun nan yon fanmi oswa manm nan menm fanmi ki abite nan menm kay, pa otorize pou siyen ansanm chèk PC a.

4. PC a dwe konsève tout resi bagay li achte avèk lajan kontan e liv kontablite ki endike lajan li debouse e kondisyon aktyèl tout kont labank li yo. Règleman entèn yo dwe fikse yon pwosesis pou konte, sere e depoze labank lajan PC a resevwa. Yon PC dwe depoze labank sou de jou tout lajan *cash* li ranmase nan yon aktivite, yon pwogram, oswa yon kòlèk lajan.

5. Trezorye a dwe kenbe nan lokal lekòl, distri oswa biwo rejyonal yo, tout bòdro yo resevwa pou depans PC a fè. PC a dwe konsève tout dosye finansye pandan yon peryòd sizan. Trezorye k ap fini manda I la dwe bay nouvo trezorye k ap ranplase I la dosye yo nan kòmansman manda I. Anvan fen manda trezorye a, li dwe fè aranjanman nesèsè pou bay nouvo trezorye a tout dosye sou revni ak depans PC a, epitou li dwe esplike I metòd kontablite PC li itilize a.

6. Rapò trezorye a

Yo dwe mete nan Règleman entèn yo yon dispozisyon pou trezorye a fè yon rapò sou kontablite ba manm yo regilyèman. Trezorye a dwe founi yon rapò nan chak reyinyon konsèy egzekitif la, e nan chak reyinyon manm yo. Li dwe mete nan rapò sa a yon relve lajan ki rantre e lajan ki depanse, lajan li ankese e lajan ki debouse pou peryòd I ap fè rapò a.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660
Paj : 34 - 45
Pibliye : 17 fevriye 2006

7. Rapò finansye

PC a dwe prepare yon rapò finansye e yon rapò kontablite jeneral anyèl anvan 30 jen pou chak ane eskolè. (Al gade nan Dokiman siplemantè D.)

Li dwe mete nan rapò pwovizwa e nan rapò kontablite sa a tout enfòmasyon sou lajan ki rantre, pwofi ak depans, epi tout dèt oswa tout angajman PC a pako regle, tankou sa yo ki gen pou wè avèk aktivite pou kolekte lajan PC a òganize.

Yo dwe klase rapò pwovizwa e rapò kontablite anyèl oswa rezime I nan biwo *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la, epi yo dwe distribye I ba tout manm PC a pa lentèmedyè bilten konsèy la, lèt piblisitè, avi espesyal, oswa nan yon reyinyon espesyal.

8. Aksè a dosye yo

Yo dwe klase dosye finansye PC yo nan biwo distri a oswa nan biwo rejyonal la, e yo pa dwe klase yo nan yon kay prive.

Dosye finansye yo ka enkli rapò finansye anyèl, relve labank, rejis chèk yo, fich depo, chèk anile, rapò ofisyèl ki apwouve desizyon finansyè yo, fotokopi kontra PC yo genyen avèk konpayi ki bay yo sèvis, lis envantè, bòdwo, chèk bife, elatriye.

Pwosedi pou mande kontwòl dosye finansye a dwe :

- gen ladan I yon demann alekri manm konsèy la pou idantifye bagay pou kontwole yo;
- fèt an prezans manm konsèy egzekitif konsène yo;
- bay manm PC ak manm konsèy egzekitif yo yon lis siyen sou kontwòl ki fèt la; fèy papyè sa a dwe gen ladan I enfòmasyon sou bagay yo te kontwole yo.

PC a dwe bay fotokopi bagay ke yo mande yo kontwole nan yon delè rezonab.

Superintendent kominotè a, *Superintendent* rejyonal la, Chanselye a oswa moun Chanselye a deziyen an dwe gen aksè a dosye finanse PC yo.

E. Kontwòl kontab

Yon PC ka fè yon kontwòl kontab entèn pou revize pwosedi kontablite avèk depans konsèy la. Se gwoup manm yo ki dwe chwazi majorite moun pou komite ki pou fè kontwòl kontab la. Moun ki siyen chèk yo pa ka sèvi nan komite ki pou fè kontwòl kontab la.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660
Paj : 35 - 45
Pibliye : 17 fevriye 2006

Superintendent kominotè a oswa *Superintendent* rejyonal la, Chanselye a oswa moun Chanselye a deziyen an, ka sipèvize yon kontwòl kontab lè yo fè yon plent ki gen pou wè avèk lajan PC a, lè yo fè grav akizasyon, oswa lè CDEC a mande sa.

Si, lè yo fin fè yon kontwòl kontab, yo detèmine gen yon defisi, yo fèt pou voye yon rapò alekri pou detaye defisi a, kantite lajan ki manke e lòt bagay enpòtan presi yo dekouvri pandan y ap fè kontwòl la ba Chanselye a, *Superintendent* rejyonal la, *Superintendent* kominotè a, e ba Konsèy la. Nan menm rapò sa a, ka gen tou rekòmasyon pou Konsèy la pran yon seri mezi byen presi e mezi disiplinè pou anpeche lòt defisi finansye. *Superintendent* rejyonal la oswa Chanselye a ka mande pou yo pran yon mezi disiplinè oswa korektif, selon leka.

Si yo pa konsève dosye dapre eKzijans Seksyon sa a, (sètadi, bay dosye yo oswa pèmèt moun gen aksè a dosye yo; soumèt yon rapò kontablite jeneral nan mwa jen; oswa dekouvri yon vis, magouyaj, oswa detounman lajan), *Superintendent* an oswa Chanselye a dwe pran mezi, li kwè ki apwopriye, pou rezoud sitiyaasyon an. Mezi sa yo enkli, men yo pa limite a bagay sa yo sèlman, entèdiksyon òganize kòlèk lajan oswa plent nan tribinal pou krim oubyen toude e entèdiksyon kòlèk lajan e plent nan tribinal, answit entèdiksyon pou manm konsèy konsène yo okipe alavni pòs ki mande *leadership*.

Pami lòt egzanp enfraksyon oswa pwosede finansye ki pa kòdyom, n ap site egzanp sila yo men yo pa limite a sa yo sèlman, e ki ka egziye pou *Superintendent* konsène a oswa Chanselye a oubyen toude, oswa moun Chanselye a deziyen yo, mande pou pran mezi disiplinè oswa korektif : peye avèk chèk peyab alòd *cash* oswa *petty cash*, lè yo pa peye touttan konpayi ki bay PC a sèvis, lè yo pa depoze lajan yo resevwa sou kont chèk PC a sou de jou ouvrab, lè de manm ki gen lyen fanmi oswa maryaj andose oswa siyen chèk, lè yo itilize EIN lekòl la e nimewo ki egzante lekòl la pou l pa peye taks oswa lè yo itilize EIN PC a oswa nimewo ki egzante PC a pou l pa peye taks pou rezon ki pa zafè PC a, itilize oswa posede yon kat ATM oswa fich pou retire lajan PC a labank, oswa lè yo pa soumèt oswa repòte dosye finansye yo jan l dekri nan Règleman sa a.

Anplis mezi ki make anlè yo, y ap entèdi tout manm yo reyalize ki te responsab defisi lajan poutèt detounman oswa neglijan oswa poutèt li pa te mete lajan PC a an sekirite, sèvi nan tout komite PC a, nan komite dirijan lekòl oswa distri a, nan PAC distri yo selon Tit I.

III. LÒT DWA PA AK PC YO

A. Pwosedi bidjetè

Superintendent rejyonal ak *Superintendent* kominotè a dwe mande reprezantan PC e PA yo, respektivman, ki nan jiridiksyon yo, pwennvi yo pandan pwosedi bidjetè a.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 36 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

1. Yo dwe mande pwennvi yo sou preparasyon bidjè pwovizwa a anvan yo soumèt li ba Chanselye a.

PC ak PA yo dwe gen aksè a enfòmasyon ekzak sou bidjè a, tankou, men ki pa limite a sa yo sèlman :

- a. bidjè yo;
 - b. orè pou lè y ap adopte bidjè a;
 - c. règ pou detèmine jan pou yo repati lajan bidjè a;
 - d. bidjè onivo lekòl ak enfòmasyon sou resous disponib;
 - e. enfòmasyon yo prepare yon jan moun ka konprann, e pou distribye anvan odyans oswa konsiltasyon piblik la pou moun gen ase tan pou fè kòmantè.
2. Reyinyon yo fè pou deside jan pou repati lajan bidjè a dwe fèt apre yo kominike lajan Chanselye a deside pou l bay la, e anvan *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la mete bidjè a apwen.
 3. Reyinyon y ap fè sou depans k ap fèt nan chak lekòl dwe fèt regilyèman.
 4. Reyinyon pou diskite kondisyon pou repati lajan nan bidjè ki tabli nan Seksyon III.C. a dwe enkli mizanplas pwosedi alekri pou diskite pwosesis ak sètifikasyon bidjetè *Superintendent* kominotè oswa rejyonal yo fè. Yo dwe voye kont tan alavans yon avi pou reyinyon k ap fèt ak patisipasyon paran Tit I yo pou diskite jan pou yo repati lajan nan bidjè a ; yo dwe founi dokiman konplè e paran yo dwe patisipe nan preparasyon bidjè a. Yo dwe mete rapò ofisyèl yo ansanm ak plan reyinyon an.

B. Kourye pou PA ak PC yo

1. PA yo gen dwa resevwa kourye pa lentèmedyè biwo lekòl la ki ap kenbe l pou PA a nan yon kote an sekirite. Sa a reprezante sèl responsabilite lekòl la ki gen pou wè ak zafè kourye ki sou non PA a ke yo kite pou li.
2. PC yo gen dwa resevwa kourye pa lentèmedyè biwo distri a, biwo rejyon an, oswa biwo santral la, selon leka, ki pral kenbe l pou li nan yon kote an sekirite. Sa a reprezante sèl responsabilite sistèm lekòl la genyen nan zafè kourye ki sou non PC a ke yo kite pou li.

C. Kominikasyon - Echanj opinyon

PA ak PC yo dwe resevwa enfòmasyon nan yon delè rezonab, e yo dwe bay yo opòtinite pou yo mande opinyon yo e tandè sa yo di osijè bagay ki afekte lekòl yo. Chak *Superintendent* ak CDEC dwe fè yon reyinyon omwen chak trimès avèk fonksyonè PA ak PC yo ki nan jiridiksyon yo. *Superintendent* kominotè a va fè yon reyinyon avèk lekòl primè e lekòl pre-segondè yo ki nan distri li a, e *Superintendent*



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 37 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

rejyonal oswa moun li deziyen an va fè yon reyinyon avèk lekòl segondè ki nan rejyon I lan. Direktè lekòl yo dwe fè yon reyinyon omwen chak trimès avèk fonksyonè PA nan lekòl yo. *Superintendent* kominotè e rejyonal yo, ak CDEC dwe etabli pwosedi alekri pou mande opinyon PA e PC yo, respektivman.

1. Pwosedi

Pwosedi alekri yo dwe enkli : avi nan yon delè rezonab ba PA ak PC yo, diskisyon pou mande opinyon yo lè y ap diskite yon sijè obligatwa, soumisyon enfòmasyon alè, e diskisyon ant fonksyonè anchèf apwopriye ki nan sistèm lekòl la.

a. Avi nan yon delè rezonab ba PA ak PC yo

Avi sa yo dwe gen :

- i. enfòmasyon konplè ki fasil pou konprann;
- ii. opòtinite pou fè diskisyon ki sanse anvan yo pran desizyon oswa mezi, eksepte nan sikonstans esepsyonèl;
- iii. tan pou reprezantan PA ak PC yo pale ak manm ki reprezante yo.

N.B. (Sonje) Sikonstans eksepsyonèl yo vle di sityasyon ann ijans ki egzije yon aksyon touswit.

b. Diskisyon pou mande opinyon yo lè y ap diskite yon sijè obligatwa

Pami sijè obligatwa ki mande pou youn fè lòt konnen opinyon yo n ap site : pwogram etid, bidjè, disiplin, sekirite, sèvis manje, pwogram espesyal e chanjman espesyal, reparasyon ak konstriksyon lokal lekòl, règleman onivo bagay pou achte, pwogram pou distraksyon, e jan pou itilize lajan federal, lajan leta ak lòt lajan ki la pou sikonstans espesyal.

Lis sa a pa fèt pou anpeche moun mande opinyon sou tout lòt sijè ki pa enkli ladan l.

2. Bay enfòmasyon alè

a. Direktè lekòl la pa gen responsablite mete bagay sila yo adispozisyon PA yo pou ouvèti lekòl nan mwa septanm :

- i. tout rapò ak plan ki gen pou wè avèk lekòl la, tankou Pwojè edikasyon entegral *Comprehensive Educational Plan* (CEP);
- ii. enfòmasyon sou bidjè lekòl la;
- iii. sekirite, disiplin, e plan li mete anplas pou kontwole prezans nan lekòl la;
- iv. Lè sa ka fèt, direktè lekòl la gen responsablite mete adispozisyon PA yo :



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 38 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

- (a) Dokiman konplè sou pwosedi l ap aplike pou egzamen ansanm ak orè elèv yo, epi enfòmasyon ki gen pou wè avèk siksè elèv yo
 - (b) Règleman, lè yon moun mande l.
 - v. direktè lekòl la dwe bay PA a yon rapò anyèl sou tout aktivite ki gen pou wè avèk kòlèk lajan lekòl la òganize, sou rantrè lajan ak depans pou ane eskolè ki fèk pase a, ansanm avèk tout lajan li prevwa ki pral rantrè pou ane eskolè ankou a. Yo dwe bay PA a rapò sa a alekri disi 15 oktòb, epitou yo dwe voye yon fotokopi rapò sa a ba *Superintendent* pou ansèyman lokal la.
 - b. Pou ouvèti lekòl nan mwa septanm, *Superintendent* kominotè oswa *Superintendent* rejyonal konsène a responsab pou l mete adispozisyon PC a (yo) nan distri l oswa nan rejyon l (yo) :
 - i. tout rapò ak plan ki gen pou wè avèk distri oswa rejyon an, tankou CEP;
 - ii. enfòmasyon sou bidjè distri a oswa rejyon an;
 - iii. sekirite, disiplin, e plan li mete anplas pou kontwòle prezans nan distri a oswa nan rejyon an;

Lè sa ka fèt, *Superintendent* kominotè oswa rejyonal la gen responsablite mete adispozisyon PC a, dapre sa ki ekri nan Seksyon III.C.b. a, dokiman sa a;

 - i. Dokiman konplè sou pwosedi l ap aplike pou egzamen ansanm avèk orè egzamen elèv yo, epi enfòmasyon ki gen pou wè avèk siksè elèv yo;
 - ii. Règleman, lè yon moun mande l.
 - c. CDEC oblije toujou pare pou l bay moun fotokopi kalandriye ak rapò ofisyèl tout reyinyon piblik regilye e ekstraòdinè avèk fotokopi règleman entèn CDEC a, lè yon moun mande l.
3. Echanj opinyon onivo apwopriye ant fonksyonè anchèf nan sistèm lekòl la.

Fonksyonè lekòl yo dwe kominike regilyèman avèk reprezantan paran yo e avèk dirijan lekòl yo pou mande konsèy yo onivo tout desizyon yo bezwen pran.

 - a. Direktè lekòl yo dwe chanje opinyon avèk manm konsèy egzekitif PA yo;
 - b. *Superintendent*, CDEC yo dwe chanje opinyon avèk fonksyonè PA lekòl yo, epi avèk PC nan jiridiksyon yo omwen chak trimès;
 - c. Chanselye a dwe chanje opinyon avèk CPAC.
4. Kondisyon pou aplike, adopte, e klase pwosedi



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 39 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

Superintendent konsène a ak CDEC yo ankolaborasyon avèk PC e PA yo dwe etabli pwosedi pou kominike pou mande konsèy.

CDEC yo dwe adopte pwosedi yo nan yon reyinyon yo prevwa y ap fè kèk dat detèmine nan ane a.

Yo dwe klase nan Biwo pou angajman paran *Office of Parent Engagement* (OPE) anvan 30 oktòk chak ane, Pwosedi pou echanj opinyon ke yo tabli dapre Règleman sa a.

D. Men ki sijè nou detèmine ki ekzije yon reyinyon pou echanj opinyon

1. Chwa sipèvizè

Yo dwe mete PA yo okouran pòs ki disponib yo, lè y ap chwazi sipèvizè ak administratè pou pozisyon ki egzije yon lisans. Li entèdi pou manm PA yo ki se anplwaye nan yon lekòl, ki se manm yon CDEC, oswa manm yon CSEC, oswa manm yon CCHS, sèvi antanke reprezantan paran pou chwazi yon sipèvizè.

2. Pòs vid lekòl segondè nan CDEC, CSEC, oswa CCHS

Lè CDEC a ap mete yon moun nan yon pòs vid, li dwe kominike avèk PC e lòt gwoup edikatif yo pou echanj opinyon. CSEC a dwe kominike avèk CSEPC epi ak lòt gwoup edikatif yo pou echanj opinyon. Pou pòs vid li yo, CCHS la dwe kominike avèk CPAC a pou echanj opinyon. Yo dwe soumèt tout rekòmandasyon yo alekri ke yo dwe mete nan dosye reyinyon yo nonmen anplwaye nan pòs vid yo.

IV. RESPONSABLITE CHANSELYE A

A. Reyinyon pou echanj opinyon

Chanselye a dwe chanje opinyon avèk CPAC a.

1. Aksè a enfòmasyon

a. Chanselye a dwe pèmèt moun gen aksè a :

- i. kondisyon ki gen pou wè avèk nòm ofisyèl edikatif minimòm yo e pwogram etid pou tout lekòl nan distri minisipal la;
- ii. rezilta egzamen ak evalyasyon sou efikasite sistèm edikatif lekòl ak pwogram vil yo;
- iii. apèsi sou lekòl yo;
- iv. enfòmasyon konplè e pratik sou koze siksè elèv, tankou men se pa sèlman sa, nòt anyèl pou Lekti ak Matematik, konparezon yo fè ant pèfòmans elèv yo avèk pèfòmans lòt elèv ki nan menm klas e menm kalite lekòl, epi dosye pèfòmans menm elèv yo ofiamezi y ap pwogrese



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 40 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

nan lekòl la (yo soumèt enfòmasyon sa yo yon jan pou yo pa ka idantifye elèv la).

B. Plent

Pwosedi pou pote plent ki tabli pi ba a nan Seksyon IV.B.2. aplike pou dezakò ki pase ant PA ak PC yo oswa kont yo, epitou pou plent osijè yon mezi onivo yon PA oswa PC¹, ke yon lekòl, yon anplwaye yon rejyon oswa yon distri oubyen yon reprezantan ofisyèl te pran oswa te dwe pran e ke l pa pran, ki pa ka rezoud konfòmman a Seksyon IV.B.1.

1. Manm PA ak PC yo dwe eseye rezoud dezakò a pami gwoup respektif yo. PA yo dwe chèche èd PC otorize a pou rezoud yon dezakò, men PC yo pa ka tandè oswa pran okenn desizyon konsènan plent PA oswa PC yo.

Yo ka chèche èd *Superintendent* lokal pou ansèyman lokal *Superintendent* kominotè a, oswa *Superintendent* rejyonal la pou aplike pwosedi obligatwa pou pote plent kont yon manm pèsònèl la, lè yon reprezantan ofisyèl lekòl la pran yon mezi oswa pa pran yon mezi li te sipoze pran.

Yo fè rapò tout plent yo pote pou tout zak kriminel oswa move konpòtman ba Komisè espesyal pou envestigasyon pou Distri eskolè nan vil Nouyòk *Special Commissioner of Investigations for the New York City School District*.

2. Pou dezakò yo pa ka rezoud, yon moun oswa gwoup moun ki ofanse ka fè rapò yon plent jan yo espesifye pi ba a.

3. Rezon

Yo dwe baze yon plent sou vyolasyon yon règleman entèn yon PA oswa PC, oswa sou lwa, règ oswa Règleman aplikab.

4. Moun ankòz

Tout paran, yon PA oswa yon PC, tout anplwaye oswa pèsònèl ofisyèl nan DOE, oswa yon moun konsène, ka pote yon plent.

5. Prezantasyon

Prezantasyon yon plent ka varye, men yo dwe fè l alekri, e li dwe gen enfòmasyon sila yo :

- a. rapò sou sa ki pase ki lakòz y ap pote plent lan;

¹ Paran ak elèv yo gen plizyè dwa ak responsabilite ki etabli nan lòt lwa ak règleman. Plent paran pote pou tèt yo oswa pou pitit yo ki konsène dwa sa yo, e ki pa gen rapò avèk kesyon PA oswa PC, dwe fèt dapre pwosedi ki etabli nan règleman ak direktiv ki aplikab yo.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osjè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 41 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

- b. Iwa oswa règleman yo vyole a, si moun k ap pote plent lan konnen (lè se posib, plent lan dwe espesifye vyolasyon an);
- c. dokiman pou pwouve plent lan, si genyen (ou ka soumèt fotokopi).
- d. non ak siyati moun (yo) k ap pote plent lan, e dat yo pote plent lan (yon anlwaye ofisyèl lekòl la dwe siyen plent PA oswa PC yo dapre règleman entèn yo).

6. Pwosede

- a. **Etap 1. Plent yo pote ba CDEC a oswa *Superintendent* rejyonal la oswa moun li deziyen an**

Moun k ap pote plent lan gen 30 jou depi l ap konplenn de ensidan an oswa 30 jou apre dat li dekouvri ensidan pou pote plent devan CDEC oswa *Superintendent* rejyonal oswa moun li deziyen an. CDEC a oswa *Superintendent* rejyonal oswa moun li deziyen an dwe ekri yon lèt pou konfime li resevwa plent lan, e dat li resevwa l la.

Moun k ap pote plent lan dwe gen dwa voye ba li tout akizasyon yo e pou l reponn yo tout.

CDEC a oswa *Superintendent* rejyonal la gen 30 jou apre l resevwa plent lan pou l pran yon desizyon. Li dwe deklare desizyon li pran an alekri, epi li dwe enkli tout prèv ankèt ki fèt pou l pran desizyon an, lè l aplikab. Si l pa ka pran yon desizyon poutèt y ap kontinye investigasyon an oswa poutèt y ap transfere ka a ba lòt otorite, CDEC a oswa *Superintendent* rejyonal la dwe voye yon repons pou di sa k ap pase pandan peryòd 30 jou a, epi li dwe mete yon dat li pwojete voye desizyon final la. Lè l ap pran yon desizyon tanporè, li dwe mete l nan repons lan. Yo ka mande rekonsidere repons ki endike nan paragaf sa a kòm tout desizyon CDEC a dapre pwosedi ki espesifye nan Etap 2 a.

Desizyon CDEC a oswa *Superintendent* rejyonal la oswa moun li deziyen an pran final, e tout moun ki ankòz yo gen obligasyon respekte desizyon an, amwenske yo konsidere Etap 2 pou mande Chanselye a rekonsidere desizyon an, oswa amwenske Chanselye a ekzije yo pran yon mezi.

CDEC a ak *Superintendent* rejyonal la oswa moun li deziyen an ap kenbe fotokopi desizyon yo pran nan Etap 1 an. Piblik la dwe gen aksè a desizyon yo pran yo. Yo dwe efase non elèv la ak tout lòt chif estatistik ki ka pèmèt idantifye yon elèv anvan yo pibliye yon desizyon.

- b. **Etap 2. Demann pou mande Chanselye a rekonsidere yon desizyon**



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 42 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

Yo ka mande Chanselye a rekonsidere desizyon CDEC a oswa *Superintendent* rejyonal la oswa moun li deziyen an.

Yo dwe fè demann pou mande Chanselye a rekonsidere desizyon an 15 jou apre yo resevwa desizyon yo pral mande rekonsidere a.

Chanselye a ka deklare li opoze yo aplike desizyon yo pran nan Etap 1 an pou rezon valab.

Si CDEC a oswa *Superintendent* rejyonal la oswa moun li deziyen an pa pran yon desizyon nan delè li sipoze pran l, yo ka pòte Chanselye a plent lan.

Chanselye a dwe voye yon lèt pou konfime li resevwa plent lan, e pou konfime dat li resevwa l.

Chanselye a dwe deklare desizyon li pran an alekri 30 jou apre l resevwa plent lan.

Si Chanselye a pa ka pran yon desizyon poutèt y ap kontinye investigasyon an oswa poutèt y ap transfere ka a ba lòt otorite, li dwe voye yon repons pou di sa k ap pase pandan peryòd 30 jou a, epi li dwe mete yon dat li pwojete voye desizyon final la. Lè gen desizyon tanporè apwopriye pou pran, yo dwe enkli l nan repons lan.

Desizyon Chanselye a final, e tout moun ankòz gen obligasyon aplike l. Piblik la dwe gen aksè a desizyon yo pran yo. Yo dwe efase non elèv la ak tout chif estatistik ki ka pèmèt idantifye elèv la anvan yo pibliye yon desizyon.

7. Pwosedi rapid pou rezoud dezakò onivo eleksyon

Sizoka ta gen yon dezakò onivo eleksyon, yo dwe swiv etap sila yo :

a. **Etap 1. Plent yo pote devan CDEC a oswa *Superintendent* rejyonal la oswa moun li deziyen an**

Yo dwe pote yon plent sèt jou oplis apre eleksyon an. Si yo pa pote plent lan pandan tan limit sa a, yo ka itilize pwosedi ki tabli dapre Seksyon IV.B.6.

CDEC a oswa *Superintendent* rejyonal la oswa moun li deziyen an gen sèt jou apre l resevwa plent lan pou l pran yon desizyon.

b. **Etap 2. Demann pou mande Chanselye a rekonsidere desizyon an**

Yo ka mande Chanselye a rekonsidere desizyon CDEC a oswa *Superintendent* rejyonal la oswa moun li deziyen an. Yo dwe fè demann pou mande Chanselye a rekonsidere desizyon an twa jou apre yo resevwa desizyon yo pral mande rekonsidere a.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 43 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

Chanselye a dwe deklare alekri desizyon ke l dwe pran sèt jou apre yo pote plent lan devan l.

8. PA ak PC yo ka dakò pou yo jwenn yon lòt jan pou rezoud yon konfli, ki respekte restriksyon nan Seksyon sa a. Yon PA oswa yon PC pa ka aksepte oswa pa ka fòse ni limenm ni manm li yo aksepte okenn akò oswa desizyon ki pa adapte a lalwa, règ oswa règleman.

E PA e PC yo pa ka retire dwa manm PA yo ni lòt dwa ki etabli nan Règleman sa a, tankou dwa yon moun genyen pou mande enskri sou rejis plent li pote ki fikse nan Seksyon sa a. Y ap pran ankonsiderasyon desizyon yo pran nan yon lòt sityasyon pou rezoud tout plent anrapò avèk menm kalite sijè oswa menm kalite pati.

9. Sètifikasyon ak Aplikasyon règleman

- a. Sètifikasyon

Direktè lekòl yo dwe okouran aktivite PA yo etandone yo adapte a Règleman DOE yo, Règleman Chanselye yo e a pwòp règleman entèn pa yo. Direktè lekòl yo dwe fè rapò osijè *status* PA de fwa pou yon ane ba LIS. Yo dwe mete nan rapò yo fotokopi rapò finansye PA yo ke yo sipoze soumèt ak lòt dokiman enpòtan ki apwopriye. Yo dwe bay rapò pou yo enskri yo sou rejis *Superintendent* an disi 30 oktòb ak 15 fevriye chak ane eskolè. LIS dwe voye fotokopi rapò sou *status* PA yo (CR A-660 Enfòmasyon siplemantè G.1 ak G.2) ba *Superintendent* rejyonal yo pou yo revize e pran aksyon ki nesèsè. *Superintendent* rejyonal yo dwe voye rapò sa yo ba Sipèvizè rejyonal Èd pou paran *Regional Parent Support Supervisors* pou yo sa pran lòt mezi e pou yo kontakte manm PA yo nan distri oswa rejyon an pou yo jwenn yon altènativ.

Lè *Superintendent* an konstate yon PA pa respekte règleman an, li dwe mande moun li deziyen an oswa direktè lekòl la pou l pran desizyon apwopriye pou korije sityasyon an, e si nesèsè pran sanksyon oswa swiv pwosedi ki tabli pou pini l.

Prezidan PA a oswa tout manm konsèy egzekitif la ka voye ba *Superintendent* an yon rapò pou l di li pa apwouve kèk seksyon espesifik nan rapò direktè a fè sou *status* PA a.

Superintendent apwopriye yo dwe okouran aktivite PA yo etandone yo adapte a Règleman DOE yo, Règleman Chanselye yo e pwòp règleman entèn pa yo. *Superintendent* yo dwe soumèt de fwa pou ane a yon rapò sou *status* PC a ba biwo Chanselye a chwazi a. Li dwe soumèt rapò yo vè dat 30 oktòb ak 15 fevriye chak ane eskolè. (Al gade dokiman siplemantè H.)



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osijè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 44 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

Lè *Superintendent* apwopriye a oswa moun li deziyen an konstate yon PC pa respekte yon règleman, li dwe pran desizyon nesèsè pou korije sityasyon an, e si nesèsè pran sanksyon oswa swiv pwosedi ki tabli pou pini l.

Prezidan yon PC oswa tout manm konsèy egzekitif la ka voye ba Biwo pou angajman paran *Office of Parent Engagement* (OPE) yon rapò pou di li pa apwouve kèk seksyon byen presi nan rapò *Superintendent* an fè sou *status* PC a.

b. Aplikasyon sanksyon

Chanselye a dwe deziyen Biwo ki gen responsablite kontwole aplikasyon ak respè Règleman sa a. Yo dwe soumèt tout règleman entèn PA ak PC yo, pwosedi pou echanj opinyon ke CDEC ak *Superintendent* apwopriye a etabli dapre Seksyon III, e tout lòt règ oswa pwosedi onivo PA yo ke CDEC oswa *Superintendent* ka etabli ba Biwo Chanselye a deside ki pou kontwole yo.

Chanselye a oswa moun li deziyen an dwe kontwole si l adapte a règleman DOE yo e a Règleman Chanselye yo. Lè Chanselye a konstate yon lekòl pa respekte yon règleman, li ka mande chèf nan administrasyon lekòl la pran mezi pou korije sityasyon an, pa egzanp li ka mande l pran sanksyon oswa swiv pwosedi ki tabli pou pini l.

10. Sèvis biwo santral yo ofri

Biwo pou angajman paran an dwe

- a. travay avèk *Superintendent* yo ankolaborasyon avèk Biwo pou investigasyon espesyal la pou pran ankonsiderasyon pwoblèm finansye PA yo;
- b. antrene anplwaye lekòl yo ki ap ede paran onivo lekòl ak rejyon pou aplike, entèprete e byen esplike Règleman A-660 Chanselye a;
- c. aji kòm reprezantan Chanselye a konsènan PA yo;
- d. disponib pou reponn kesyon e pou bay èd teknik lè y ap entèprete e aplike Règleman sa a;
- e. ekri memo pou esplike pi byen e entèprete Règleman sa a, lè l nesèsè;
- f. disponib pou echanj opinyon osijè aktivite PA yo.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Osi jè : ASOSYASYON PARAN YO E LEKÒL YO

Nimewo : A-660

Paj : 45 - 45

Pibliye : 17 fevriye 2006

V. RANSÈYMAN

Pou mande ransèyman sou règleman sa yo, ou dwe kontakte :

Telefòn
(212) 374-2323

Office of Parent Engagement
NYC Department of Education
49 Chambers Street - Room 503
New York, New York 10007

Faks
(212) 374-0076

Non Lekòl la/No. _____ Distri _____ Rejyon _____
 Rapò finansye peryodik PA a
 Pou peryòd 1^{ye} jiyè _____ jouk 15 janvye _____.

Revni :	Montan :
Balans lajan ki te rete nan kès la disi 30/06/ _____	\$ _____
Frè patisipasyon kòm manm(--@--)	\$ _____
Aktivite pou kòlèk lajan: (Resèt <i>brut.</i> Se pa benefis)	
Vant bonbon	\$ _____
Vant foto	\$ _____
Vant gato	\$ _____
Anons nan bilten Asosyasyon an	\$ _____
Lòt aktivite (presize chak sou dokiman sipleman tè a, epi ajoute yo nan rapò a)	\$ _____

Aktivite apre lekòl (presize sou dokiman sipleman tè a chak aktivite pou ki yo peye yon lajan, epi ajoute yo nan rapò a) \$ _____

Kado ak kotizasyon yo resevwa (presize chak sou Dokiman sipleman tè a, epi ajoute yo nan rapò a) \$ _____

Lòt depans \$ _____

Revni total pou peryòd la \$ _____

Depans :

Founiti pou biwo - Frè enprimri	\$ _____
Frè lapòs	\$ _____
Kotizasyon pou bay Òganizasyon Paran yo	\$ _____
Telefòn	\$ _____
Edikasyon Paran :	
<i>Film</i>	\$ _____
Oratè	\$ _____
Lòt depans _____	\$ _____

Total lajan yo peye vandè yo pou kòlèk lajan (detaye chak epi ajoute li nan rapò a.) \$ _____

Lajan depanse pou frè enprimri \$ _____

*Lajan yo bay lekòl yo (idantifye chak acha oswa kantite lajan yo bay e poukisa, epi ajoute yo nan rapò a) \$ _____

Montan peye pou pwogram apre lekòl yo (presize sou Dokiman sipleman tè a montan lajan yo depanse pou anplwaye ak materyèl, epi ajoute yo nan rapò a) \$ _____

Lòt depans _____ \$ _____

Depans total pou Peryòd la \$ _____

Balans ki rete sou lajan ki gen nan kès la disi 15/01/ _____
 (Soustrè Depans Total la de Revni total la) \$ _____

*Ajoute kado yo fè pou finansye pozisyon anplwaye oswa konsiltan.

Nou distribiye dokiman sa a ba paran yo _____ Dat _____ Nou distribiye dokiman sa a ba Direktè lekòl la _____ Dat _____

Moun ki prepare rapò a _____ Siyati: _____

Prezidan PA a oswa Trezorye a

Dat : _____

Non Lekòl la/No. _____ Distri _____ Rejyon _____

Rapò finansye PA pou ane a
 Pandan peryòd 1^{ye} jiyè _____ jouk 30 jen _____.

Revni:

Montan:

Balans ki te rete nan kès la dis 30/06/ _____	\$ _____
Frè patisipayon kòm manm (--@--)	\$ _____
Aktivite pou kòlèk Lajan: (Resèt angwo. Se pa benefis)	
Vant bonbon	\$ _____
Vant foto	\$ _____
Vant gato	\$ _____
Anons nan bilten Asosyasyon an	\$ _____
Lòt aktivite ou antreprann (prezize chak aktivite sou Dokiman siplemantè a, epi ajoute yo nan rapò a)	\$ _____

Revni total pou peryòd la \$ _____

Depans:

Founiti pou biwo - Frè enprimri	\$ _____
Frè lapòs	\$ _____
Kotizasyon pou bay Òganizasyon Paran yo	\$ _____
Telefòn	\$ _____
Edikasyon paran yo :	
<i>Film</i> _____	\$ _____
Oratè _____	\$ _____
Lòt depans _____	\$ _____

Total lajan nou peye vandè yo pou kòlèk lajan (detaye
 chak, epi ajoute yo nan rapò a.) \$ _____

Lajan depanse pou frè enprimri \$ _____

*Lajan nou bay lekòl yo (presize chak acha oswa montan lajan nou bay
 e poukisa sou Dokiman siplemantè a, epi ajoute yo nan rapò a) \$ _____

Montan peye pou pwogram apre lekòl yo (presize sou Dokiman siplemantè
 a depans pou anplwaye ak materyèl yo, epi ajoute yo nan rapò a) \$ _____

Lòt depans _____ \$ _____

Depans total pou Peryòd la \$ _____

Balans lajan ki rete nan kès la dis 15/01/ _____
 (Soustrè Depans total la de Revni total la) \$ _____

*Ajoute lajan yo fè kado pou finansye pozisyon anplwaye oswa konsiltan yo.

Nou montre paran yo dokiman sa a _____ Nou montre Direktè lekòl la dokiman sa a _____
 Dat Dat

Moun ki prepare rapò a _____ Siyati: _____
 Prezidan PA a oswa Trezorye a

Dat : _____

Dokiman siplemanchè

Revni:	Montan	Montan total (1)
Aktivite pou kòlèk lajan		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Kado ak Kotizasyon yo		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Lòt depans		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Depans:		
Total lajan yo peye vandè yo pou aktivite kòlèk lajan yo		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Lajan yo bay lekòl/Distri : Deskripsyon		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Lòt depans		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____

Remak: (1) Mete total la sou liy yo mete pou sa a nan Rapò/Eta finansye a

Distri/Rejyon _____

Rapò finansye Konsèy Prezidan yo pou ane a
 Pandan peryòd 1^{ve} jiyè _____ jouk 30 jen _____.

Revni:

Montan :

Balans ki rete nan kès la dis 30/06/ _____ \$ _____
 Frè patisipasyon kòm manm (--@--) \$ _____
 Aktivite pou kòlèk lajan : \$ _____

Kado ak Kotizasyon yo resevwa (presize nan dokiman siplemantè a
 chak aktivite, epi ajoute yo nan rapò a) \$ _____

Lòt depans _____ \$ _____

Revni total pou Peryòd la \$ _____

Depans:

(Enkli depans aktyèl ak depans yo prevwa ki pral fèt pou jouk fen ane eskolè a pou fasilite distribisyon rapò sila a.)

Founiti pou biwo - Frè enprimri \$ _____

Frè postal \$ _____

Telefòn \$ _____

Edikasyon Paran:

Fim \$ _____

Oratè \$ _____

Lòt depans _____ \$ _____

Total lajan pou peye vandè yo pou kanpay kòlèk lajan (detaye
 chak acha, epi ajoute yo nan rapò a.) \$ _____

Pri pou enprimri \$ _____

*Don pou lekòl yo (idantifye chak acha oswa montan don an,
 e poukisa yo fè acha oswa don an sou dokiman siplemantè a,
 epi ajoute li nan rapò a) \$ _____

Depans total pou Peryòd la \$ _____

Balans ki rete sou Kantite lajan ki gen nan kès la dis 15/01/ _____

(Soustrè Depans total la de Revni total la) \$ _____

*Ajoute lajan yo fè kado pou finance pozisyon anplwaye oswa konsiltan yo.

Nou voye dokiman sa a ba manm PC yo _____ Nou voye dokiman sa a ba *Superintendent* _____
 Dat Dat

Siyati: _____
 Prezidan PC a oswa Trezorye a

Dokiman siplemantè

Revni:	Montan	Montan total (1)
Aktivite pou kòlèk lajan		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Kado ak Kotizasyon		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Lòt depans		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Depans:		
Total lajan pou peye vandè yo pou aktivite kòlèk lajan yo		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Don pou lekòl/Distri : Dekripsyon		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Lòt depans		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____

Remak: (1) Mete total depans yo sou liy nou mete pou sa a nan Rapò a/Eta finansye a

Non Lekòl la/No. _____ Distri/Rejyon _____

Rapò sou Aktivite pou kòlèk lajan

Rapò sou Aktivite pou kòlèk lajan pou _____
(Pou ki sa y ap fè kolèk lajan an - Lekòl **oswa** PA/PTA)

Apati _____

Revni total angwo Montan: \$ _____

Total lajan yo peye vandè yo \$ _____

Pwofi \$ _____

Moun ki prepare rapò a : _____ Dat : _____

Nou voye rapò a ba paran yo _____ Dat la _____
Nou voye rapò a ba Direktè Lekòl la _____ Dat la _____

*PA/PTA, Konsèy Prezidan *Presidents' Council* (PC) ak Direktè Lekòl la kapab itilize fòm sila a pou fè rapò sou aktivite pou kòlèk lajan yo.

Non Lekòl la/No. _____ Distri/Rejyon _____

Bidjè pwopoze pou PA a
 Pandan peryòd 1^{ye} jiyè _____ jouk rive 30 jen _____.

Revni y ap prevwa :

Montan:

Balans ki rete nan kès la dis 30/06/___	\$ _____
Frè pou patisipasyon kòm manm (--@--)	\$ _____
Aktivite pou Kòlèk Lajan:	\$ _____
Vant bonbon	\$ _____
Vant foto	\$ _____
Vant gato	\$ _____
Anons nan bilten Asosyasyon an	\$ _____

Aktivite apre lekòl	\$ _____

Lòt lajan ki ka rantre nan kès la	\$ _____

Revni total pou Peryòd la	\$ _____
---------------------------	----------

Depans n ap prevwa :

(Ajoute depans k ap fèt kounye a ak depans n ap prevwa pou jouk fen ane eskolè a pou fasilite distribisyon rapò sila a.)

Founiti pou biwo - Frè enprimri	\$ _____
Frè postal	\$ _____
Kotizasyon pou bay Òganizasyon Paran yo	\$ _____
Telefòn	\$ _____
Frè pou enprimri	\$ _____
Lajan pou peye vandè yo pou kòlèk lajan	\$ _____

Don ba lekòl yo	\$ _____

Frè aktivite apre lekòl	\$ _____

Lòt depans	\$ _____

Depans total pou Peryòd la	\$ _____
----------------------------	----------

Balans nou prevwa ki pral rete nan kès la dis 30/06/_____

(Soustrè Depans total la de Revni total la)	\$ _____
---	----------

Nou voye rapò sa a ba paran yo _____	Nou voye rapò sa a ba Direktè Lekòl la _____
Dat la	Dat la

Moun ki prepare rapò a _____ Dat la: _____

Dokiman sipleman tè

Revni:	Montan	Montan total (1)
Aktivite pou Kòlèk lajan		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Kado ak Kotizasyon yo		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Lòt lajan ki rantre nan kès la		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Depans:		
Total lajan nou peye vandè yo pou aktivite pou Kòlèk lajan yo		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Don pou Lekòl/Distri : Deskripsyon		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____
Lòt depans		
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	
_____	\$ _____	\$ _____

Remak: (1) Mete total depans yo sou liy nou mete pou sa a nan Rapò/Eta Finansye a

**Rapò Direktè Lekòl la sou sitiwayon Asosyasyon Paran *Parent Association* (PA)
 e Asosyasyon Pwofesè Paran an *Parent Teacher Association* (PTA)**

Selon Règleman A-660 Chanselye a, chak direktè lekòl yon *building* dwe ranpli “Rapò Direktè Lekòl sou sitiwayon PA ak PTA” pou soumèt ba *Superintendent* lokal pou ansèyman *Local Instructional Superintendent* (LIS) anvan 30 oktòb chak ane eskolè. LIS la dwe voye yon fotokopi rapò sila a ba *Superintendent* rejyonal la *Regional Superintendent* pou li ka pran mezi nesèsè.

Direktè Lekòl _____ Lekòl _____ Distri/Rejyon _____

- I. Dat yo te fè eleksyon PA/PTA prentan ki sot pase a _____
 Kantite pòs ki vid kounye a nan Konsèy Egzekitif PA/PTA yo _____
 Fè yon lis pòs ki vid yo : _____
- II. Èske yo aplike pwosedi pou ranpli pòs vid sa yo? Wi _____ Non _____
- III. Yo planifye oswa yo fè reyinyon sila yo dapre règleman entèn PA/PTA yo, e selon règleman prezan Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) yo. (Tanpri endike dat yo nan tablo pi ba a.)
 Èske yo fè pwosèyèbal sou chak reyinyon, epi mete yo adispozisyon manm yo pou chak reyinyon?
 (Tanpri endike si se wi oswa non.)

Patisipasyon jeneral			Konsèy Egzekitif			Reyinyon Direktè Lekòl chak twa mwa		
Dat yo planifye pou reyinyon an fèt	Lè reyinyon an fèt	Pwosèyèbal	Dat yo planifye pou reyinyon an fèt	Lè reyinyon an fèt	Pwosèyèbal	Dat yo planifye pou reyinyon an fèt	Lè reyinyon an fèt	Pwosèyèbal

- IV. Èske règleman entèn PA/PTA yo klase nan biwo Direktè lekòl la? Wi _____ Non _____
- V. Rapò sou enfòmasyon finansye :
 Èske yo deja distribye rapò anyèl mwad Jen an ba manm yo? Wi _____ Non _____
 Èske yo klase nimewo EIN PA/PTA a nan biwo w la? Wi _____ Non _____
 Èske yo klase nimewo pou PA/PTA a pa peye taks nan biwo w la? Wi _____ Non _____
 Èske yo distribiye rapò pou mwa a ba manm yo? Wi _____ Non _____
 Èske yo klase kopi rapò finansye sa yo nan biwo w la? Wi _____ Non _____

VI. Kòlèk Lajan:

	1 ^{ye} kòlèk lajan	_____	_____
(avèk patisipasyon elèv yo pandan jounen lekòl la)		Aktivite	Dat
	2 ^{yèm} kòlèk lajan	_____	_____
		Aktivite	Dat

Èske yo sispann aktivite pou kòlèk lajan yo? Wi _____ Non _____
 Si repons ou se wi, tanpri eksplike poukisa. _____
 Lòt kòmantè ak rekòmasyon _____

 Siyati Direktè Lekòl la/Dat

 Siyati Prezidan PA/PTA
 a/Dat

 Dat yo soumèt li ba LIS

**Rapò Direktè Lekòl la sou sitiyasyon Asosyasyon Paran *Parent Association* (PA)
 e Asosyasyon Paran ak Pwofesè *Parent Teacher Association* (PTA)**

Selon règleman A-660 Chanselye a, chak direktè lekòl yon *building* dwe ranpli “Rapò Direktè Lekòl sou sitiyasyon PA e PTA pou remèt ba *Superintendent* lokal pou ansèyman an *Local Instructional Superintendent* (LIS) anvan 15 fevriye chak ane eskolè. LIS la dwe voye yon fotokopi rapò sila a ba *Superintendent* rejyonal la *Regional Superintendent* pou li ka pran mezi ki nesèsè.

Direktè Lekòl la _____ Lekòl _____

I. Kantite pòs ki vid nan Konsèy Egzekitif PA/PTA a _____
 Fè yon lis pòs ki vid yo : _____

II. Èske yo aplike pwosedi pou ranpli pòs vid sa yo? Wi _____ Non _____

III. Yo planifye oswa yo fè reyinyon sila yo selon règleman entèn PA/PTA yo, e selon règleman prezan Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) yo. (Tanpri endike dat yo nan tablo ki pi ba a.)

Èske yo fè pwosèyèbal sou chak reyinyon, e mete yo adispozisyon manm yo? (Tanpri, endike si se wi oswa non.)

Patisipasyon jeneral			Konsèy egzekitif			Reyinyon Direktè Lekòl chak twa mwa		
Dat yo planifye pou reyinyon an fèt	Lè yo fè reyinyon an	Pwosèyèbal	Lè yo planifye fè reyinyon an	Lè yo fè reyinyon an	Pwosèyèbal	Dat yo planifye pou reyinyon an fèt	Lè yo fè reyinyon an	Pwosèyèbal

IV. Èske yo klase règleman entèn PA/PTA yo nan biwo direktè lekòl la? Wi _____ Non _____

V. Rapò sou enfòmasyon finansye:

Èske yo deja distribye rapò peryodik mwad Janvyè a bay manm yo? Wi _____ Non _____

Èske yo klase nimewo EIN PA/PTA a ak nimewo pou PA/PTA a pa peye taks nan biwo w la? Wi _____ Non _____

Èske yo distribiye rapò mwa a ba manm yo? Wi _____ Non _____

Èske yo klase fotokopi rapò finansye sa yo nan biwo w la? Wi _____ Non _____

VI. Kòlèk lajan (yo):

1^{ye} kòlèk lajan _____
 Aktivite _____ Dat _____

(avèk patisipasyon elèv yo pandan jounen lekòl la)

2^{yèm} kòlèk lajan _____
 Aktivite _____ Dat _____

Èske yo sispann aktivite pou kòlèk lajan yo? Wi _____ Non _____

Si repons ou se wi, tanpri eksplike poukisa. _____

Lòt kòmantè adisyonèl ak rekòmandasyon _____

 Siyati Direktè Lekòl la

 Dat

 Siyati Prezidan PA/PTA

 Dat

 Distri/*Superintendent*

 Lekòl

 Dat pou soumèt rapò a ba
Superintendent an

Rapò Superintendent an sou sitiyaasyon nan Konsèy Prezidan

Selon Règleman A-660 Chanselye a, chak *Superintendent* dwe ranpli “Rapò *Superintendent* an sou Konsèy Prezidan (PC) Distri oswa Rejyonal anvan 30 oktòb e anvan 15 fevriye chak ane eskolè. Yo dwe remèt rapò sila a ba Biwo pou angajman paran *Office of Parent Engagement*.

- I. Dat pou eleksyon mwad Jen an _____
 Kantite pòs vid ki genyen kounye a _____
 Fè youn lis pòs ofisyèl ki vid: _____
- II. Èske yo swiv pwosedi pou ranpli pòs vid sa yo? Wi _____ Non _____
- III. Reyinyon swivan yo planifye oubyen yo te fèt selon règleman entèn PC yo, epi selon règlemantasyon Depatman Edikasyon yo. (Silvouplè endike dat yo nan tablo ki pi ba a.)
 Èske yo fè e yo kenbe rapò ofisyèl sou chak reyinyon? (Silvouplè endike wi oswa non.)

Patisipasyon Jeneral			Konsèy Egzekitif			Reyinyon Direktè Lekòl chak twa mwa		
Dat yo planifye pou reyinyon an fèt	Lè reyinyon an fèt	Pwosèbèbal	Dat yo planifye pou reyinyon an fèt	Lè reyinyon an fèt	Pwosèbèbal	Dat yo planifye pou reyinyon an fèt	Lè reyinyon an fèt	Pwosèbèbal

- IV. Èske yo klase règleman entèn PC yo nan biwo *Superintendent* an? Wi _____ Non _____
- V. Rapò sou enfòmasyon finansye :
 Èske yo deja distribye rapò anyèl mwad Jen an ba manm yo? Wi _____ Non _____
 Èske yo klase nimewo EIN PC a ak nimewo pou PC a pa peye taks la nan biwo w la? Wi _____ Non _____
 Èske yo distribiye rapò mwa yo ba manm yo? Wi _____ Non _____
 Èske yo klases fotokopi rapò finansye sa yo nan biwo w la? Wi _____ Non _____
- VI. Kòlèk lajan (yo): _____
 Aktivite _____ Dat _____

Lèt kòmantè ak rekòmantasyon

 Siyati *Superintendent* an

 Dat

 Siyati Prezidan PC/HSF

 Dat

Distri/Rejyon _____ Dat yo soumèt rapò a ba Biwo pou Angajman Paran ak Kominote a _____

Biwo pou Angajman Paran ak Kominote a